

**JESU**

**IYE NZIRA**

**Kufamba munzira yeruponeso  
kusatsaukira kurudyi kana kuruboshwe.**

**Dr. I. A. Sadler**

# JESU, IYE NZIRA

Rakanyorwa  
naDr. I. A. Sadler

Rakaburitswa nemunyori  
1 Payne Close, Chippenham  
Wiltshire, Sn15 3FX, England.

Rakaiswa muchiShona  
naApostle Maxwell Msindo,  
Pastor Amon Matavire,  
Pastor B Msindo nevamwe.

Copyright, I. A Sadler 2011

Rakaburitswa kekutanga muna 2002

Rikatsikiswazve muna 2004

Rakatsikiswa neve Baptist Publishing House, Bulawayo,  
Zimbabwe.

Rinowanikwa kuna Apostle M Msindo - FGEEA Cordinator Zimbabwe  
Phone: +263-772 68 99 21; e-mail: [preacherm@yaho.com](mailto:preacherm@yaho.com)

## **Jesu iye Nzira munemimwe mitauro**

“Jesu Iye Nzira” rakaiswa mururimi rwe Spanish

rikatsikiswa neve Gospel Mission,  
P.O. Box 318, Choteau, MT 59422, USA.

Tel/Fax: 406 466 2311;

e-mail: [gospelmissionmt@juno.com](mailto:gospelmissionmt@juno.com)

Rakaiswawo mururimi rwe Portuguese uye rwe Telugu (yeku India)

## **ZVIRI MUKATI**

- Nhungamidzo .....1**  
Magwaro eBhaibheri akashandiswa.
- Chitsauko 1. Nzira Yakamanikana asi iri Yakaropafadzwa .....4**  
Kristu iye nzira - Kumanikana kwaiyoyi Nzira - Kwete kuRudyi kana kuRuboshwe - Mhedziso.
- Chitsauko 2. Musiki ane Simba Rose .....11**  
Nhanganyaya - Musiki - Kuziva zviri mberi kwaMwari - Simba rake muRuponeso - Luther naErasmus pamusoro pechido chakasununguka.
- Chitsauko 3. Jesu Kristu vanoratidzwa vobva vazikanwa.....23**  
Nhanganyaya - Hutsvene hwaMwari nemutadzi atendeuka - Kuuya kunaJesu - Kungotaura kusina Ruponeso rwechokwadi - Nyasha dzemutendi mutsva - Kristu Jesu Ishe - Kutenderana kwe Shoko rakanyorwa neShoko rinorarama
- Chitsauko 4. Uchapupu hweKereke .....37**  
Humwechete hwaVatendi - Makereke anorairwa maererano neShoko - Rudo nekuwadzana munaJesu - Kuparidzwa kwe Vhangeri - Nhau dzakanaka dzeVhangeri - Mwenga waKristu.
- Chitsauko 5. Kugutsikana mukati meZviedzo .....59**  
Nzira dzaMwari dzakakwana - Mubairo wezvivi - Ruoko rwaShe Rwekuranga - Kuwadzana naKristu pakutambudzika kwake - Kutsauka paChokwadi - Kugutsikana munaJesu - Rangarira Nzira.
- Chitsauko 6. Tariro yeDenga .....72**  
Moyo yenyu irege kumanikidzwa - Jerusarema rekuDenga - Rinda uye usvinure - Kuzara kwehuMwari munaJesu.

## NHUNGAMIDZO

Mumazuva ano ekufuma nemari nekubudirira panezvinobatika zvefuma yenyika pakati pemaChechi emuBritain, pane ndima imwe yamagwaro matsvene inomira pachena. “*Tarirai mazuva anouya ndizvo zvinotaura Ishe Jehova andichatuma nzara panyika, isati iri nzara yezvokudya, kana nyota yemvura asi yekunzwa mashoko aJehova*” (Muprofiti Amosi 8. 11) Mashoko amagwaro matsvene anoverengwa nekuparidzwa asi zvino kunzwa kwemweya kuripiko? Kashoma kwazvo patinoona nekunzwa kushandiswa kunesimba kweshoko raMwari mumoyo kunoshandura upenyu. Kazhinji tinonzwa, asi hatinzwisisi; tinoona asi, hationesesi. Hatichina kufuma kwapamweya sekwa pamazuva akare.

Mukati maizvozvi, tinowana mweya wokusagadzikana. Vatendi vazhinji vanenge Israeri mumazuva aVatongi; “*Namazuva iwayo kwakanga kusina mambo pakati paIsraeri; munhu mumwe nemumwe waiita sezvaakafunga kuti ndizvo zvakanaka*” (Vatongi 21.25) Zvakadaro Ishe Jesu anotonga pakati peChechi imwe chete yechokwadi kunyangwe tisinganzwisisi nzira dzake.

Ndizvo zvinhu zviru mumoyo wangu apo ndinotsvaka kunyora zvakare ndichivimba kwazvo naMwari, uye ndichinamata kuti iri bhuku rive chiropafadzo kuvadikanwi vashoma vaJehova vangariverenga. Mubhuku rokutanga “*Mystery, Babylon the Great*” takatsvaka kuyambira nezveBabironi remweya riri pakati pamarudzi uye pakati pamamwe makereke. Zvino ndinonzwa mutoro wokubudisa pachena izvo zvinokosha zvechokwadi chevhangeri. Ruzivo rwekurasika nezvivi bedzi harugoni kuti ponesa pazuva rokutongwa. Tinofanira kuziva nekunzwa simba reropa rinokosha remudzkinuri, iye Ishe Jesu Kristu. Kumutsiridzwa kungavapo mumasangano kana muupenyu hwedu pachedu kunongowanikwa munaJesu chete.

## *Nhungamidzo*

Ndine mutoro nechido chekuti iri bhuku rinyorwe risina sangano rechechi raraka rerekerera. Kunongova neKereke imwe chete pamweya, uye Mufudzi mumwe wakashanangurwa kunyangwe kune matanga akasiyana. Kunyange kungava nemaonero akasiyana pamaitiro nemanzwisisiro, Kereke echokwadi yaKristu yakabatana pamuzambiringa inotenderana pamusoro penheyo nezvinomisa kutenda. Ndichaedza zvino kutaridza pachena nzira yemukristu nekunaka kuri mumudzikinuri. Ndinonamata nekushuvira kuti pave nekuropafadzwa, kurairwa, kudzidziswa nekukurudzirwa kumuverengi. Ndinoraira muverengi kutarisisa nekubatisisa izvi zvinonyorwa pano kuti pave nechibereko chemweya chinopa mbiri kuna Mwari.

Ndichipinda munyaya yebhuku rino, mashoko anotevera enhetembo akasimbiswira kwazvo pandangariro yangu.

Jesu, wangu Wose kudenga akaenda,  
Iye paari ndipo pakamira tariro yangu;  
Nzira yake ndinoiona uye ndichaitevera  
Nzira yakamanikana dakara ndamuona.

Nzira yakafambwa navaporofita vatsvene,  
Nzira inotungamira pakusarashwa,  
Nzira huru yaMambo yehutsvene  
Ndinoitevera, nokuti nzira dzake dzose rugare.

Iyi ndiyo nzira yandatsvaka kwenguva,  
Ndikachema nekuti ndanga ndisingaiwani;  
Shungu nemutoro zvava neni nguva zhinji,  
Nekuti ndanga ndisingagoni kubva pachivi.

Pandanyanyisa kurwisa simba racho,  
Ndaitotadza nekudonha zvakanyanya:  
Kusvika ndazonzwa muponisi wangu achiti,  
“Huya kuno mwana Ndini Nzira”

Nemufaro ndouya, imi gwaiana rakaropafadzwa,  
Muchandigamuchira kwamuri sezvandiri;  
Hakuna chandingakupai kunze kwezvivi;  
Hapana chandinogamuchira kunze kwerudo.

Zvino ndichaudza vatadzi kose  
Nezve muponesi unondida wandawana  
Ndichavaratidza ropa renyu rinodzikinura  
Ndigoti kwavari “Tarira nzira yekuna Mwari”

(Cennick)

### ***Magwaro Akashandiswa***

Magwaro akashandiswa eBhaibheri akatorwa muBhaibheri magwaro matsvene aMwari ra1949 nera2002. Rakabva munerechirungu reKing James Version ya1611. Munyori wakashandisa ma'version' akasianasiana emabhaibheri ari muduku asi hapana raakawana rakashandurwa zvakanaka uye rine chiremera chezvinhu zvemweya uye chehumwari sairori.

## **CHITSAUKO 1**

### **NZIRA YAKAMANIKANA ASI IRI YAKAROPAFADZWA**

#### ***Kristu iye nzira***

Mumwe nemumwe wedu asati asangana nechinhu chinotyisa cherufu neupenyu husingaperi. Kune nzira mbiri; imwe inotungamira kuna Mwari nekuupenyu husingaperi, neimwe inotungamira kugehena (gomba remoto) nekutambudzika kweupenyu hwose. Tinoda nyasha dzaMwari kwazvo kutitizive mutsauko wenzira mbiri idzi! Tinoda sei kupiwa mweya wekunamata kuti tisvake nekuwana nzira inoenda kuruponeso rwokusingaperi! Tinoda sei kuvhurwa meso edu naMwari kuti tione inzo nzira dzekufadza nyama dzinotibvisa pachokwadi! *“Nokutenda Mosesi, akura wakaramba kunzi mwanakomana wemukunda waFarao, akati zvirinani kuitirwa zvakaipa pamwe chete nevanhu vaMwari pakufarira zvivi nguva duku; akati kuzvidzwa kwaKristu ifuma huru kukufuma kose kweEgipita’ nokuti wakatarira mubairo” (VaHeberu 11. 24-26)*

Pane chinhu chimwe chinokosha chakanangana nenzira yeupenyu husingaperi; ndechekuti inongowanikwa chete muna Ishe Jesu Kristu. Tinoverenga kuti mudzidzi Tomasi wakati kuna Jesu; *“Ishe hatizivi pamunoenda; nzira tingaiziva seiko? Jesu akati kwaari: Ndini nzira, nezvokwadi, noupenyu; hapanomunhu unouya kuna baba asi nokwandiri” (Johane 14. 5-6)* Kunze kwekunge tabatanidzwa kuna Jesu Kristu naMweyaMutsvene, hatigoni kuva munzira yeupenyu husingaperi. Bhaibheri rinotaura pachena uye zvakasimba pamusoro paIshe Jesu: *“Nokuti hakuna kuponeswa kunomumwe; nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga, rakapiwa pakati pavanhu ratingasunungurwa naro.” (Mabasa AvaApostora 4. 12)*

Naizvozvo, Ishe pachake wakataura pamusoro penzira yakamanikana. *“Pindai nesuvo rakamanikana; nokuti suvo rakafara, nzira yakapamhamha inoenda kukuparadzwa; vanopinda naro vazhinji. Nokuti suvo rakamanikana nenzira inhete, inoenda kuvupenyu, vano iwana vashoma.” (Mateo 7. 13-14).* Nzira yakamanikana ndiyo iyo matiwanikwa tiri vashoma vakazvidzika. Inzira umo munowanikwa kusuwa kuzhinji, inzira yekutambudzwa nekuparadzana nenyika. Asi izvi zvingatishamisa here? Ishe Jesu Kristu pachake ari pano pasi, *“Wakazvidzwa, nokurashwa navanhu, munhu wekurwadziwa wakaziva urwere....” (Isaya 53.3).*



## *Nzira Yakamanikana asi iri Yakaropafadzwa*

Iye Ishe Jesu akati “*Muranda haazi mukuru kunaShe vake. Kana vakanditambudza ini, vachakutambudzai nemivo.*” (**Johane 15. 20**). Asi zvino Ishe anoenda mberi kutaura mashoko awa ekukurudzira; “*Panyika munotambudzika; asi tsungai moyo, ini ndakakunda nyika* (**Johane 16. 33**).

Vose avo vakasarudzwa kuopenyu husingaperi muna Kristu Jesu “*nyika isati yavambwa*” (**VaEfeso 1. 4**) vanouya muna iyoyi nzira yakamanikana. Vakristu vose vechokwadi vane ruzivo rweruponeso uye vakabatana pamwe na Kristu mumweya vachachengetwa munzira iyoyi: nokuti Kristu anoti, “*Ndini nzira.*” Kunyangwe nedzimwe nguva vasinganzwi sekunge vari munaKristu, apo vano kotamiswa dzimwe nguva kusvika pakupwanywa nemiedzo, asi ruponeso rwavo rwakachengetwa. Zvinoita semusi wakasviba nemakore; zuva rinenge richingovapo kunyangwe kwechinguva tisingarioni. Naizvozvo Davidi akataura nekutenda achiti; “*Zvirokwazvo, kunyangwe ndikafamba mumupata wemumvuri worufu, Handingatongoty zvakaipa; nokuti imi muneni; Tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza.*” (**Mapisarema 23.4**)

### ***Kumanikana kwaiyoyi Nzira***

Tataura pamusoro penzira yakamanikana; asi zvino humanikani hwayo hwakamanikana zvakadii? Uyu ungaita semubvunzo usinganzwisiki pamabvunzirwo awo. Asi, mubvunzo unokosha, nokuti mamwe machechi uyewo vamwe vatendi vanowira mumiedzo ipapa. Pane njodzi yekuenda kurutivi urwo kana urwo rwenzira iyi tichitadza kutevera kugadzikana kwatinoona mumagwaro. Tombotarira iyoyi njodzi parizvino asi tichadzoka kunyaya yedu huru muzvitsauko zvinotevera.

Chekutanga, ngatinzverei moyo yedu pamuedzo wokuda nokutsvaka kupamhamisa (kukudza) nzira yakamanikana. Zvikonzero zvizhinji zvingapiwa kutsigira muedzo uyu. Zvichida zvingafungingidzirwa kuti machechi haafaniri kurambidza vamwe vanofarira chikristu, nekuda kwemitemo yawo yakaoma. Nerumwe rutivi machechi anoty kunzi anoona zvinhu nedivi rimwe. Asi tinoty kuti kazhinji-zhinji chikonzero chepfungwa idzi chiri mumoyo kuda nyika nemafaro ayo. Zvino izvi tinozvipindura nesimba tichiti umambo hwaKristu hahusi hwenyika ino asi umambo hwemweya. (Johane 18.36) Mashoko aIshe Jesu Kristu anoratidza pachena kuti hazvigoni kuti tibate zvole nyika nehumwari panguva imwe chete. “*Hakuna muranda ungagona kubatira vatenzi vaviri: nokuti uchavenga mumwe, akada mumwe; kana uchanamitira mumwe, akazvidza mumwe; hamungabatiri Mwari nefuma.*”

(Ruka 16.13) Tingawedzera ndima zhinji panyaya iyi asi ndima yaJakobo inoburitsa nyaya yacho pachena; “*hamuzivi here kuti vushamwari hwenyika hunovengana naMwari? Naizvozvo mumwe nemumwe unoda kuva shamwari yenyika unozviita muvengi waMwari.*” **(Jakobo 4. 4)**

Kana tichinzwa kubaiwa pamoyo nenyaya iyi (zvirokwazvo ndiani usina kumbowira mumhosho iyi), ngatifungisise tichinamata pakukurudzira kwevhangeri yakanaka yaIshe Jesu, “*Kana muchindida, muchachengeta mirairo yangu*” **(Johane 14. 15)** Muapostora Johane unowedzera panezvizvi achiti, “*Nokuti rudo rwaMwari ndirwo, kuti tichengete mirairo yake; mirairo yake hairemi*” **(I Johane 5. 3)**

Ichokwadi chakakosha chekuti Mwari anokudza avo vanomukudza **(1 Samueri 2. 30)**. Zvino zita rake ringakudzwa sei kana tichingopupura Kristu nemiro mo yedu chete, asi tisingateereri mirairo yake uye tisingataridzi mutsauko nevasinganamati paupenyu hwedu. Muapostora Paulo wakakurudzira chechi yevaKorinte iyo yanga yapinda mumhosho zhinji, “*Saka budai pakati pavo, muzviraure, ndizvo zvinotaura Ishe, Musbata chinhu chinetsvina; Ini ndichakugamuchirai, Ndichava baba venyu, Nemi muchava vanakomana navanasikana vangu, ndizvo zvinotaura Ishe unesimba rose.*” **(2 vaKorinte 6. 17-18)** Dai Ishe vatipa moyo wokutendeuka zvechokwadi nokutenda kunoita kuti titende zvivimbiso zvavo zvikuru uye kuti tive “*vaiti veshoko tisiri vanzwi bedzi*” **(Jakobo 1. 22)**

Zvino kutsvaka kupamhamisa kana kukurisa nzira yakamanikana haku uyisi njodzi kumoyo yedu bedzi, asi kuno uyisawo kugaradza kwakavanda kumachechi. Satani anongogara akagadzirira kudzvara kupesanisa; unoshandisa kuzviregerera uku kuedza avo pakati pamakristu vanenge vachirerutsa chikristu chavo nekuda nyika kwavanenge vanako. Zvino nekutsvaka kuramba nyika tinoona mumwe muedzo wekuenda kune rumwe rutivi, rutivi rwekuwedzera kumanikanisa nzira yakamanikana kupfura zvairi mumagwaro. Zvino mumazuva ano zvinonyanyo wonekwa kuti apo pasina kusimba nekukura muzvinhu zvemweya machechi anedzidziso yakasimba akaparadzana uye akamira imwe neimwe yoga. Zvino miteyo yaSatani inobata vazhinji vakarivara.

Zviratidzo zvekuwira kune urwu rutivi rweruponeso zvinowonekwa kana tikabvunza mibvunzo inotevera. Tinotonga here vamwe vatendi? Tinovabvisa here pakati pedu kana vasingafambirani netsika dzedu, kana maitiro echechi

yedu, kana mapfekero edu uye kana vasingaenderani nesu pamafungiro kana pane zvatinoziva. Zvino zvatinonzwa nekuona kurasika kwakawanda mumakereke, tinobva tangoti vose vasinganamati manamatiro edu havasi vaMwari here? Kana tichibvuma kuti zvimwe zvavanoita zvinoratidza chiedza chaMwari, tinovatarisirei pasi tichizvikudza pamusoro pavo?

Zvinorwadza kwazvo kana tichitsvaka kuzvitsigira pamaitiro akadai tichiti, “zvirokwazvo nzira yakamanikana; zvirokwazvo kana vaiva munzira iyoyi vangadai vakawana dzidziso yakatsaukana; zvirokwazvo vangadai vachiita sezvatinaita kana kuti vachiziva zvatinoziva.” Zvino Jobo unotaura kuna vakadai sekutaura kwaakaita kushamwari dzake nhatu dzaimupomera mhosva: “*Zvirokwazvo imwi muri vanhu vakangwara, Kungwara kuchafa pamwe chete nemwi*” (**Jobo 12. 2**) Zvino chinhu chinozonyadzisa kuzoona kuti uyoi munhu anozvidzika pakuonekwa kwake kunze, anoziva nezve rudo pakati pavatendi uye nezvekugutsikana neruponeso kudarika isu.

Muedzo watataura uyu wekumanikanisa nzira yakamanikana unoita kuti vamwe vafunge kuti vanhu vakaponeswa vashoma-shoma, uye kuti machechi ezvokwadi kana vashumiri vezvokwadi havachawanikwi nyore. Zvisinei ngatimbo ongororai nyaya yaEria. Paakatiza kutambudzwa achitizira kuSinai, Jehova vakamubvunza, “*Unobateiko pano Eria?*” Eria akapindura, “*Ndakanga ndichishingairira Jehova Mwari wehondo kwazvo, nokuti vana vaIsraeri vakarasha sungano yenyu, vakaputsa aritari dzenyu, nekuvuraya vaporofita venyu nomunondo; ini, ini ndoga, ndasara hangu; zvino votsvaka kundivuraya*” (**1 Madzimambo 19. 9-10**) Jehova vakapindura, “*Kunyangwe zvakadaro ndakasiya pakati paIsraeri zvuru zvinomwe zvavanhu vasina kufugamira Baari namabvi avo, vasina kumusveta nemiromo yavo*” (**1 Madzimambo 19. 18**).

Cherechedza kuti Eria wakabva atizira kugomo reSinai, iro rinomiririra murau waMosesi. Avo vanowira mumuedzo wekuzvidza vamwe, vari munjodzi yekueredzwa nemhosho yevaFarisi avo vaitevedzera zvose zvemutemo vasingatsudziri kana padoko asi vasina ruzivo rwevhangeri yaKristu. Pauro unoti kuvaHeberu, “*Nokuti hamuna kuswederera kugomo ringabatwa nemaoko, rinopfuta, vuye kurima, nekukusviba, nokudutu guru, nokukurira kwehwamanda nokunzwi ramashoko; ivo vakarinzwa vakakumbira kuti shoko rimwe rirege kuzovataurirwa; nokuti vakakoniwa kutevera chakanga charairwa, chokuti:kunyangwe nemhuka ikabata gomo, ichatakwa namabge; icho chakavonekwa chakatyisa kudai, kuti naMosesi wakati:Ndinotywa kwazo, ndinodendera; asiimwi makaswederera kugomo reZioni, nokuguta raMwari*

*mupenyu, Jerusarema riri kudenga, nokumazana namazana avatumwa vasingaverengwi, nokuvungano huru, nokukereke yamatangwe akanyorwa kudenga nokuna Mwari, mutongi wavose, nokumweya yavakarurama vakakwaniswa, nokuna Jesu, Murevereri wesungano itsva, nokuropa rakaswa, rinotaurwa zvakana kupfuura raAberi”.* **(VaHeberu 12. 18-24)** Zvino kuti tinzwisise zvinoreva nzira yakamanikana tinofanira kuenzanisa magwaro nemagwaro tichitsvaka rubatsiro rwaMweya Mutsvene. Ipapo tinozogona kufamba pakati paiyoyi nzira zvinoenderana neshoko raMwari tisingaendi kumacheto awa kana awo zvinomhura Mwari.

Isaya unotaura pachena kuti nzira yeupenyu kunyangwe ichinzi inzira yakamanikana pane dzimwe nzvimbo mumagwaro, mugwagwa mukuru unofambwa navose vakanatswa vaIshe. Vakanatswa ava hapana munhu angavaverenga kana angaziva uwandu hwavo. Isaya anotaura achiti, “*Ipapo pachava nomugwagwa, nenzira, ichanzi, Nzira yovutsvene; unetsvina haangafambi nayo, asi ichava yaavo; vanofamba nayo, kunyangwe ari mapenzi havangarashiki. Hapangavi neshumba neshumba, kunyangwe nechikara hachingafambipo; hazvingawanikwipo, asi vakadzikinurwa ndivo vachafambapo; vakasunungurwa vaJehova vachadzoka, vachasvika Zioni vachiimba; mufaro usingaperi uchava pamisoro yavo; vachawana mufaro nomoyo muchena, kuchema nokusuwa kuchatiza”.* **(Isaya 35. 8-10)**

### ***Kwete kurudyi kana kuruboshwe***

Zvatabva mukutarisa zvekunzvenga kuenda kumhenderekedzo kusingawirirani neshoko raMwari pakunamata kwedu, zvakataurwa pakutanga mumurairo waMosesi. “*Naizvozvo chenjerai, kuti muite sezvamakarairwa naJehova Mwari wenyu; musatsaukira kurutivi rworudyi kana rworuboshwe”* **(Deuteronomio 5. 32)** Zvakare bhuku reZvirevo rinoti, “Meso ako ngaarurame pakutarira; Mafungiro ameso ako ngaatarire mberi kwako. Gadzirira tsoka dzako gwara; Nzira dzako dzose dzive dzakasimba Usatsaukira kurudyi kana kuruboshwe; Rutsoka rwako urubvise pane zvakaipa” **(Zvirevo 4. 25-27)**

Tikadzitarira pachadzo, ndima idzi dinoita sedzinoreva kuti mabasa akanaka emukristu ndiwo anodiwa kuti mukristu arambe ari munzira. Zvino Isaya unotipa tsananguro yakaisvonaka, “*Zvino nzeve dzenyu dzichanzwa shoko shure kwenyu, richiti: Heyi nzira, fambai nayo! Kana muchida kutsaukira*

kurudyi, kana zvimwe muchida kutsaukira kuruboshwe” (Isaya 30. 21) Uku kutaura kwakaropafadzwa kunotiratidza kuti Ishe vanotungamira nekuchengetedza vanhu vavo munzira yechokwadi, nekuvadzora pavanotsauka. Saka zvino basa rose rakanaka ringagona kuitwa nemukristu rinoitwa richiyerera kubva panyasha dzaMwari.

Kuchengetedzwa uku kwavanhu vaMwari kunobva pasimba reupenyu hwakakwana hwakararamiwa nomudzikinuri wedu Ishe Jesu Kristu. Zvisinei nekuedzwa kose, kutukwa nekuvhundutsirwa kwaakaitwa navatadzi, wakafamba iyoyi nzira kuenda kumuchinikwa mukuteerera kwakakwana kuna Baba. Isaya unotaura pamusoro paKristu muchiporofita; “*Ishe Jehova wakadzivuranzeve dzangu, handina kuramba kana kudzokera shure. Ndakarinzira varovi musana wangu, namatama angu kuna vakatavura ndebvu dzangu; handina kuvanza chiso changu pakunyadziswa nekupfirwa mate. Nokuti Ishe Jehova uchandibatsira, naizvozvo handina kunyadziswa; naizvozvo ndakaita chiso changu sebwe romusarasara, ndinoziva kuti handinganyadziswi*” (Isaya 50. 5-7).

Mutemo ungavapo kutiraira asi savatadzi vasinesimba hatigoni pachedu kuutevedzera, zvino tine mudzikinuri “*anotinzwira tsitsi pavutera hwedu*” (VaHeberu 4. 15) Pauro anopa kukurudzira uku, “*Naizvozvo, nesu vo, zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura rikadai, ngatibvisei zvoze zvinoremedza, nezvivi zvinogotinamatira, ngatimhanye nokutsungirira nhangemutange yatakaisirwa, tichitarira kuna Jesu, muvambi nemukwanisi wokutenda kwedu, iye wakatsunga pamuchinjikwa pamuchinjikwa nokuda kwomufaro wakaiswa pamberi pake, akashovora kunyadziswa kwawo, akandogara kurudyi rwechigaro choushe chaMwari. Nokuti cherekedzai uyo wakatsunga pakukakavara kwakadai kwavatadzi, kuti imwi murege kuneta nokupera simba pamweya yenyu*”. (VaHeberu 12. 1-3) Simba redu nekugona kwedu kuti tibatirire panzira yezvokwadi zviru muna Ishe Jesu bedzi uyo wakatungamira mberi kusvitsa vanhu vake kuupenyu husingaperi.

Nzira iyi haisi yokuzvisimudzira pamusoro-soro tichitarisira vamwe pasi. Asi inzira inotaurwa naIsaya, “*basa rokururama richava rugare, zvibereko zvokururama zvichava kunyarara nokutenda nokusingaperi. Vanhu vangu vachagara pavugaro vunorugare, napadzimba dzakasimba napanzvimbo dzokuzorora dzakadzikama. Asi chimvuramabge chichavapo kana dondo richiwa, neguta richaparadzwa chose*” (Isaya 32. 17-19) Tingagona sei kutevera muapostora Pauro, apo anoti, “*asi mumwe nemumwe ngaati nomoyo unozvininipisa vamwe vanomupfuvura iye pakunaka*” (VaFiriipi 2. 3)

Tinofanira kuchenjerera, kuti Satani akagarira kutiedza kuti titsauke tifambe muchikristu chakareruka chenyika kana kuti mukuomerera pamutemo kwechifarisi. Zvino kuti tirwe nemiteyo yaSatani iyi ngatifungisisei zvakadzama tsananguro yomuapostora Pauro pamusoro pemudzikinuri wedu, “*Ivai nomoyo uyo, wakanga uri munaKristu Jesu vo; iye kunyange akanga akafanana naMwari, haana kuti kuenzana naMwari ndichinhu chinofanira kubatisiswa; asi wakazvidurura iye akazviita muranda, akafanana navanhu; akati awanikwa nomufananidzo womunhu, akazvininipisa, akaterera kusvikira parufu irwo rufu rwomuchinjikwa. Saka Mwari wakamukudza zvikuru, akamupa zita rinopfuura mazita ose; kuti muzita raJesu mabvi ose afugame, avari kudenga navari panyika, navari pasi penyika, kuti ndimi dzose dzibvumire dziti, Jesu Kristu ndiyeShe, kuti Mwari, baba arumbidzwe. Naizvozvo sezvamakaterera nguva dzose, ndisati ndiripo bedzi, asi zvikuru zvino kana ndisipo, pedzisa kuponeswa kwenyu nokutya nokudedera; nokuti ndiye Mwari unoita mukati menyu kuda nokuita nokuda kwake kwakanaka”.* (VaFiripi 2. 5-13)

### ***Mhedziso***

Zvatadai kutarisa zvakaita nzira yeupenyu, ngatipfuurirei mberi kuchitsauko chinotevera titarise icho chokwadi chakasimba che simba raMwari. Uhuw ndihwo hwaro hwekutenda kwedu uye chikomborero chikuru chinotipa kunyaradzwa. zvino kana taisa hwaro uhu tozotsvaka kuona kuti zvinorevei kuva mukristu uye kufamba munzira yakamanikana.

Ngatibvunze mubvunzo unokosha  
(Vadikani tisanyanyo gadzikana)  
Zvinorevevei kuva muKristu  
Moyo yedu ingagutsikana sei

Kuzvipira kwedu kose hakuna maturo  
Kana kwakavakira pahwaro hwenhema  
Kunamata kwezvokwadi kunopfuura pfungwa nje  
Pane chinofanira kuzikamwa kana kunzwikwa  
(Hart)

## **CHITSAUKO 2**

### **MUSIKI ANE SIMBA ROSE**

#### **Nhanganyaya**

Muchitsauko chapfuura tatarisa zvinokosha zvaiyoyi nzira. Ngatimbotarisai mubvunzo uyu: ndiani uyo anoisa mukristu munzira iyi? Iyi inyaya yakakosha kwazvo asi inyayawo inekupokana pamaonerwo ayo. Saka zvino tichaedza kuyiongorora zvishoma nezvishoma nekuchenjerera kose uye nekutya Mwari.

Kukosha kwemubvunzo uyu kunoonekwa kana tanzwisisa kuti rumbidzo, kudzo nekubwinya zvakafanira uyo ari munyori nemuvambi webasa. Zvino basa rose guru rechinyorwa, muvambi waro ndiye anoremekedzwa nokuwana kukudzwa kunyangwe mushure memakore mazhinji afa kwete munyori wachokana mutsikisi wechinyorwa. Uyu muenzaniso wepano pasi une chokwadi chakadzama chezvomweya. Ndouyo anounza ruponeso, anofanirwa kurumbidzwa nokukudzwa nokusingaperi. Zvino ngatizvibvunzei uyu mubvunzo: chii chikonzero cheruponeso rwedu uye kuti zvakaitika sei kuti tipinde mune iyi nzira samaKristu. Chikonzero here chokuti takasarudza Kristu? Takangozvisarudzira here kuzvipa kwaari? Takaita here sarudzo yakaisvokosha paupenyu hwedu? Kana mhinduro iri hongu, kukudzwa kunofanira kuva kwatiri. Kana iriyo nyaya yacho, kuripi kukudzwa kwakafanira Mwari voga? Zvisinei, Mwari vanoti, “*ndakakuidza muchoto chokutambudzika Nokuda kwangu, nokuda kwangu ndichazviita, nokuti zita rangu ringamurwa sei? Handingapi mumwe kukudzwa kwangu.*” (**Isaya 48. 10-11**).

Tinoti zvekare, kana ruponeso rwedu rwuchiuya kwatiri zvichibva musarudzo yedu, saka munhu anofanira kugamuchira kukudzwa nokubwinya. Asi magwaro anotaura zvokukudzwa achireva Jesu Kristu. “*Saka Mwari vakamukudza zvikuru, vakamupa zita rinopfuvura mazita ose; kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame, avari kudenga, navari panyika, navari pasi penyika, kuti ndimi dzose*” dzibvumire dziti, *Jesu Kristu ndiye Ishe, kuti Mwari, baba, arumbidzwe,*” (**VaFiripi 2. 9-11**). Naizvozvo Pauro anoti kuvaKorose “*kuti iye ave mukuru pazvinhu zvose*” (**VaKorose 1.18**)

Jehova Mwari vakaratidza muBhaibheri zviratidzo zvizhinji zvinoratidza simba nehutongi hwavo hwakazara kudenga nepanyika, zvimwe zvatichatarisa iye zvino. Asiwo tinofanira kurangarira kuti magwaro anotsanangura munhu sandiye akapiwa basa iro raanofanira kugona kuzopindura mabatiro aakarriita. Pane kukurudzira kwakanyanya mumagwaro maringe nehumwari hunobatika, uhwo hwatichataura zvakanyanya muzvitsauko zvinotevera. Naizvozvo, ngatitsvakei noMweya Mutsvene kuenzanisa gwaro negwaro.

### ***Musiki***

Hatingakwanisi kunzwisisa hutongi uye simba raMwari, kusvika tatenda kuti ndiye musiki wepasi rose. Mukusika ndimo munojekeswa kusiwana kwaMwari nevanhu. Munhu angagona kugadzira zvinhu zvakaoma kwazvo uye zvakanaka asi zvose zvinogadzirwa kubva pazvinhu zvinobatika zvaanzvo naiye asi Mwari vakasika izvi zvinhu uye upenyu pachahwo kubva pasina chinhu.

Pfungwa yokuti munhu wakashanduka kubva mumhuka chinobaya pamongo wehwaro hwekutenda kwazvokwadi. Kana nyika neupenyu zvainge zvisina kusikwa, asi zvakangonyuka saka Bhaibheri rinofanira kunge richitanga namanyepo pakunyorwa kwaro munaGenesi. Ngatinyatsotarisa nokucherechedza manzwi anotevera aPauro kuVaKorose “*Muvonge baba, vakakwanisa kuti tipuwe nhaka yavatsvene muchiedza; vakatisunungura pasimba rerima, vakatiisa muvushu bwomwanakomana worudo rwavo; watine dzikinuro maari, ndiko kukanganwirwa kwezvivi zvedu. Ndiye mufananidzo waMwari usingaonekwi, dangwe rezvisikwa zvose, nokuti maari zvinhu zvose zvakasikwa, zviru kudenga napanyika, zvino vonekwa nezvisingaonekwi, kana zviru zvigaro zvoushe, kana vushe, kana vabati, kana masimba, zvinhu zvakasikwa naye, zviripo nokuda kwake. Ndiye unotangira zvose, zvose zvakabatana maari. Ndiye musoro womuviri, ndiyo kereke; ndiye wokutanga dangwe rakamuka kuvakafa kuti iye ave mukuru pazvinhu zvose.* (Vakorose 1:12-18). Tinoona kubva apa kuti Isha Jesu Kristu vaiva pedyo kwazvo vachitora chikamu chakanyanya pabasa rokusika.

Kana nyaya yokushanduka (evolution) iri chokwadi, zvinoreva kuti Jesu Kristu havasi musiki uye havasi, “*Alfa naOmega, kutanga nokuguma*” (Zvakazarurwa 1: 8). Naizvozvo havangagoni kuva Mwari uye kuva, munhu wechipiri paVutatatumwe. Naizvozvo hapangavi nerudzikinuro



kupfuurikidza neropa raKristu uye hapangavi nekuregererwa kwezvivi. Kunyange vaFarise vaiziva kufambirana kunoita kuregererwa kwezvivi naMwari. Mushure mokunge Jesu vati kumurume airwara, zvivi zvako zvaregererwa, vaFarise vakapikisa vachiti “*Ndiani ungakanganwira zvivi, asi Mwari oga?*” (Marko 2. 7) Jesu ipapo wakaritudza huMwari hwake nesimba rekuregerera zvivi nekuratidza simba rake pamusoro pezvisikwa nekuita munana unoshamisa. “*Asi kuti muzive kuti Mwanakomana wemunhu une simba panyika rokukanganwira zvivi (akati kumunhu akanga akafa mitezo) Ndinoti kwauri: simuka, tora nhovo, ndokubuda pamberi pavo vose; naizvozvo vose vakashamiswa; vakarumbidza Mwari, vachiti: hatina kumboona zvakadai.*” (Marko 2. 10-11)

Hazvina kuoma kuvona kuti sei nyaya yekushanduka ichikwezva. Inotsvaga kukwiridza munhu kumuisa pakakwirira pokupedzisira penyika yezvinobatika pamusoro pezvokubudirira. Sango nezvisikwa zvinoiswa pamberi sandizvo vavambi veupenyu; zvinopiwa kubwinya. Munhu mutadzi anoda chikuriri, uye haagoverani kubwinya kwake noumwe. Nechikonzero ichi muapostori Pauro anoti, “*Vakashandura zvokwadi yaMwari vakaiita nhema, vakanamata nekushumira chisikwa kupfuura musiki, iye unokudzwa nekusingaperi.*” (VaRoma 1. 25)

Vazhinji vanongozviti vakristu vanoedza kubatirira pakuti Mwari vakashanda kuburikidza nekushanduka pakusika kwavo; asi uku kumonyorora chokwadi chiri pachena cheBhaibheri. Seri kwemufungo uyu kuvete chishuviro chokuvhengana nenyika isina huMwari, uye kuva ne ‘vhangeri isingakanganisi vasingatendi.’ Ngatimbobudai pachena apa; kana kushanduka kwakaitika, ko kudonha kwemunhu kunobva papi? Kana tisina kudonha, saka sei tichida muponesi ari Mwari? Kana Mwari vasina kusika nyika, saka nemhaka yei tichizova nezuva rekutongwa? Kana zvakangoitika kuti nyika yakangonyuka yoga, hazvingagonekiwo here kuti upenyu hungopera hwega zvekare? Muchidimbu, kana Mwari vasina kusika sezvinorehwa munaGenesisi nedzimwevo nzvimbo muBhaibheri, saka kutenda kwedu kunongova fungidziro hayo.

Zvichida muverengi ndeumwe wevazhinji varikueredzwa nemanyepo anoramba achitaurwa maringe nokushanduka ayo anodzidziswa kubva pauduku zvichienda mberi. Kunyange zvazvo uchapupu hwemhizha dzesainzi hunovhikira kusikwa zvichienderana nesainzi zvingabatsira, harisiro dombo ratingavakira chinamoto chedu pariri.

Manomano asatani nemoyo yedu yakazara nezvivi zvinokasira kuisa kukahadzika mu tsanangurwa dzesainzi, izvi zvinobva zvatibira kugadzikana kwedu munaKristu. Naizvozvo, kunongova nemhinduro imwe chete iyo inongova yaMwari voga yokuti vatipe chipo chakaisvonaka chokutenda. Kana tichidokwairira kuratidzwa chokwadi, ngatinamatei zvakasimba kunaMwari kuti vatipe kutenda titende nhoroondo yehumwari. Ishe vakatendeka kuti vapindure kugomera kana kudemba kunobva mumoyo. Zvino kutenda kwedu kuchasendama munaMwari, kwete mumunhu. Ndi hwaro hwakavakirwa padombo, huchadzivisa dutu nemhepo. “*Nokutenda tinonzwisisa kuti nyika dzakanyatsorongedzwa nenzwi raMwari, naizvozvo zvinhu zvinovonekwa, hazvina kuitwa nezvinhu zvinooonekwa.*” (VaHeberu 11. 3)

### ***Kuziva zviru mberi kwaMwari***

Saka sezvinotaurwa nemagwaro kuti Ishe vakasika denga nenyika, anoratidza pachena kuti ndiye mutongi mukuru pamusoro pezvisikwa. Mushure mokunge mambo Nebukadnezari aninipiswa uye aiswa mukutambudzika kukuru, akataura chokwadi chakasimba pamusoro paMwari waIsraeri. “*Zvino namazuva iwayo akati apera ini Nebukadnezari ndikatarira kudenga nameso angu, simba rangu rokufunga rikadzokerazve kwandiri, ndikavonga wokumusorosoro ndikamurumbidza nokumukudza iye uri mupenyu nokusingaperi; nokuti ushe hwake hauperi, nokubata kwake ushe kunosvika kumarudzi namarudzi; vose vagere panyika vakaita Sevasina maturo; iye anoita sezvaanoda kudenga, napakati pavagere panyika; hakuna ungadzora ruwoko rwake, kana ungtati: Unoiteiko?” (Danieri 4. 34-35).*

Zvino zviru pachena kubva panyaya iyi ndezvokuti, kuda kwaMwari ndiko kunoburirira zvisinei nemamwe mamiriro ezvinhu Mucherechedzo unoisvo ropafadza apa unopiwa maringe nekuroverwa kwaIshe Jesu. Vadzidzi vaisabvuma kuti chinhu chakadaro chingaitika, vakaedza kuchidzvirira, vaisanzwisisa kuti ruponeso rwavo chairwo rwaizobva pakubairwa kwaKristu pamuchinjikwa nokuda kwezvivi. Petro akatotsiura Ishe achiti, “*Mwari ngavakudzivisei Ishe! Hamungaitirwi izvozvo.*” (Mateo 16. 22). Vanyori neVaFarise vakaronga kuraya Jesu nokuda kweruvengo rwavaiva narwo pamusoro pedzidziso yake uye simba rake rohuMwari, nokuti raibudisa pachena zviito zvavo zvakaipa uye kuzvikudza kwavo pamweya. Mupirisita mukuru Kayafasi akati “*Zviru nani kuti munhu umwe afire vanhu.*” Asi haana kuziva kuti ainge aporofita

Kwose kwaakaita kuti Jesu vasunungurwe waingokurasa zviri nyore kana apikiswa: “*Zvino Pirato akatsvaka kumusunungura; asi vaJuda vakadanidzira, vachiti: kana mukasunungura munhu uyu, hamusi shamwari yaKesari*” (**Johane 19. 12**). Kumasoja echiRoma kuroverwa kwainge kwakavanakira sezvo kwaizovapa mukana wakasununguka wokuzvidza uye kutambudza Jesu nezvose zvavaida zveutsinye hwose. (**Marko 15. 16-20**). Nyambisirwa muzvido zvinopokana izvi, mumaonero, akasiyana, muzvinangwa zvakasiyana zvevanhu vasingaverengeki murungano rwenhorooondo iyi, zvisinei nekuipa kunomutswa nasatani pachake, Ishe Jesu vakaroverwa nenguva uye panzvimbo yakatarwa naMwari. Pavakangozadzwa naMweya Mutsvene vaapostora vakabva vanzwisisa kuti Jesu “*Wakaiswa kwamuri nomutemo wokuziva zviri mberi waMwari, mukamuvuraya namaoko avanhu vasingatereri murairo*” (**Mabasa 2. 23**) Jesu vakati kuna Pirato, uyo waivamunhu akaipa asina huMwari haungatongovi nesimba pamusoro pangu, kana usina kuripiwa richibva kumusoro” (**Johane 19. 11**).

Kunyange Ishe Jesu vakaenda segwayana kunobayiwa (**Isaya 53. 7**) vakapa upenyu hwavo uye hakuna munhu akahutora kubva kwavari (**Johane 10. 18**) havana kuurayiwa kana kukurirwa norufu, asi vakapa upenyu hwavo sechibayiro chakakwana nokuda kwezvivi zvamakwai avo, vanhu vavo vakasanangurwa. “*Zvino Jesu akati agamuchira vinega, akati: zvapera! Akakotamisa musoro wake, akapa Mwari mweya wake.*” (**Johane 19. 30**) Ishe vakamuka kuvafi Jesu pachake wakadzidzisa vadzidzi vaviri munzira inoenda Emausi “*Ko Kristu akanga asingafaniri kutambudzika saizvozvo, agopinda pakubwinya kwake here? Ipapo akatanga kuna Moses navaporofita vose, akavadudzira zvakanyorwa pamusoro pake mumagwaro ose.*” (**Ruka 24. 26-27**)

Tinoona kuti chiitiko chikuru munhorooondo yenyika, chekufa nekumuka kwaJesu, Mwanakomana waMwari kwaiva maringe nokuda kwaMwari. Nhorooondo yose inotenderera ipapa kuti kukudzwa nokubwinya zvipiwe kuna Mwari, uye inzira yoruponeso kuvanhu vake vanodikanwa.

Magwaro azere noukuru hwaMwari pamusoro penyaya dzeupenyu hwevanhu. Mienzaniso mizhinji ingasarudzwa asi ngatipetei nemashoko emuapostora Pauro. “*Haiwa kufuma kwokuchenjera nokuziva kwaMwari kwakadzika sei! Kutonga kwake hakunganzverwi, nenzira dzake hadzingarondwi! Nokuti ndianiko wakaziva murangariro waShe? Ndianiko wakatanga ari murairi*

wake? Ndianiko wakatanga kumupa kuti aripirwezve? Nokuti zvose zvinobva kwaari; zviripo naye, zviripo nokuda kwake ngaave nokubwinya nokusingaperi. Amen.” (VaRoma 11. 33 - 36). .

### **Simba rake muRuponeso**

Sezvo kufa nekumuka kwaJesu Kristu kwaiva maringe nechinangwa uye kuda kwaMwari, ndozvirivo ruponeso rwevasanangurwa vaMwari. Tinoverenga munhorondo yedu yechiprofitu yaKristu yokutambudzika kwake uye kuva chibayiro kwake pamuchinjikwa kuti “Uchavona zvaakatamburira nomweya wake, akagutiswa;” (Isaya 53. 11) Asati apinda muGetsemani Jesu akanamata, “Baba, ndinoda kuti avo vamakandipa, vavevo neni apo pandiri, kuti vavone kubwinya kwangu, kwamakandipa, nokuti makandida nyika isati yavambwa.” (Johane 17. 24).

Kunaka nesimba remunamato waJesu pamusoro pevasanangurwa zvakasendama paukama hwake naMwari baba. “Kuti vose vave vamwe; semi baba muri mandiri, neni mamuri; kuti naivo vave matiri, kuti nyika itende kuti makandituma” (Johane 17: 21) Kubatana kwakaropafadzwa kuri paVutatumumwe (Baba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene) kunoiswa pamusoro pekereke yaKristu. Naizvozvo, ruponeso rwomuKristu wose, uyo wakaberekwa zvirokwazvo noMweya Mutsvene akabatanidzwa naKristu, rwuri maringe nomutemo wokuziva zviriri mberi kwaMwari sezvazvinoratidzwa mukufa nokumuka kweMwanakomana wake anodikanwa.

Zvisinei, hatina kungosiiwa njee kuti tibatirire chero papfungwa dzakaisvorongeka pamusoro pechokwadi cheruponeso. Magwaro anotaura nenzira iri pachena kwazvo. “Ngaavongwe Mwari baba vashe wedu Jesu Kristu, wakatiropafadza nokuropafadza kwose kwoMweya, kudenga muna Kristu, sezvaakatisanangura maari nyika isati yavambwa, kuti tive vatsvene vasine mhosva pamberi pake murudo, akatitemera ,kare kuti naJesu Kristu tiitwe vanakomana vake, sezvaakafadzwa pakuda kwake, kuti kunaka kukuru kwenyasha dzake dzaakangotipa hake mumudikanwa wake, kurumbidzwe uyo; watinedzikinuro maari neropa rake, iko kukanganwirwa kwokudarika kwedu, nokuwanda kwenyasha dzake.” (VaEfeso 1. 3-7). Muna Mabasa avaApostora tinowana mutauro unogona kunge uriwo unonyatsotsanangura pamusoro pevakatenda mharidzo yevhangeri. “Navose vakanga vakatarirwa vupenyu bwusingaperi vakatenda.” (Mabasa avaApostora 13. 48)

Zvisinei ndicho chiratidzo chohuipi hwakanyanya mumoyo womunhu akazara nezvivi, kuti unotsvangadzira kushandisa iyi dzidziso yehumwari sechikonzero chokutadza. Iyi imhosho yakaipisisa, apo muKristu anobatwa uye kukurirwa nehusimbe uye kushaya hanya nokuparidzira vamwe evhangeri. Anotanga zvino kuzvitsigira achiti, sezvo ruponeso rwuchibva kuna Mwari bedzi, haafaniri kuzvinetsa nokuva chapupu chenyasha dzaJesu Kristu kune vamwe. Tichadzoka zvakare panyaya iyi muzvitsauko zvonotevera mubhuku rino.

Asi ngatipedzisei chitsauko chino nokutarisa imwe pfungwa yakajairika inopikisa zvoukuru nesimba raMwari, ipfungwa inoti munhu anesimba rokuzvisarudzira zvaanoda. Mukupindura izvi tichadoma muranda mukuru waMwari, Martin Luther. Kupesana kwakaita muchikristu pamusoro penyaya iyi mu16 century zvinorwadza kuti kuri kuonekwa munguva yanhasi. Zvakakosha kwazvo kuziva kuti ruponeso runombobva kupi uye kuti runombowanikwa nenzira ipi. Ndeipi imwe nzira ingaita kuti tifambe zvakana, kana kuti ndeipi imwe nzira iyo vaparidzi yavangaparidza zvakana, kana tisina kujekerwa nyenya iyi?

### ***Luther naErasmus pamusoro pechido chakasununguka.***

Luther nevamwe vakuru vedzidziso yeshanduko (Reformation) vanodzidzisa zvesimba nekutonga kwaMwari muruponeso, sezvinojekeswa mumagwaro. Kudzidzisa uku kwakakwidibira pfungwa yokuti chechi yeRoma ndiyo ine simba rose, pasi pose pamusoro penyaya dzoruponeso. Dzidziso dzevadzidzisi veshanduko dzaisimudzira Mwari kwete muprista; ruponeso haruwanikwi mumaoko emuprista kuti aregerere, uye kana pasarudzo ipi zvayo yakasununguka yedungamunhu pakutevera dzidziso dzechечи iyo.

Hudzamu nekukosha kwedzidziso yaLuther pamusoro pesimba nekutonga kwaMwari uye pamusoro pemagumo akatarwa kare hwakaonekwa naErasmus, uyowakatsikisa “*Diatribes*” yake achirwisana naLuther, achishambadzira kuti munhu ane “chido chakasununguka chokusarudza zvaanoda”. Erasmus aizikanwa semunhu aiva nyanzvi yedzidzo panguva yake. Kunyange zvazvo zvisikiswa zvake zveTestamende itsva muGiriki zvakashandiswa zvakanyanya mushanduko, aiva asina kudzidziswa nyaya dzakakosha dzechivi neruponeso naMweya Mutsvene. Waiva asingazivi kuzarurirwa mumweya uye zaruriro inoponesa yechokwadi.

Erasmus wakanga apikisa hudzvanyiriri hwakawanda hwaiva muchechi yeRoma, asi pakatanga nyaya yokutambudzwa kune avo vaidaidzwa kuti “Lutherans” zvichireva vateveri vedzidziso yaLuther. Iye akazvitsaura kubva kuna Luther.

Erasmus waitora “*Diatribes*” yake kuva basa guru rinoshovora dzidziso yeshanduko, pasina waigona kuripikisa. Luther akapindura nokunyora bhuku rake rakaita mukurumbira rinonzi “*Bondage of the will*” Erasmus wakasiwa pachena pamwe nokuninipiswa. Luther wakararidza nemagwaro kuti Mwari vanenge vasiri Mwari wechokwadi kana sarudzo yechido chomunhu chakazvimiririra chichikwanisa kukanganisa hurongwa hwaMwari. Kunyange zvazvo munhu angafunga kuti anozviitira sarudzo yakazvimiririra, mbeu yekudonha nechivi zviru maari zvinosungirwa kungoita zvakaipa, kunze bedzi zvatotsimbirirwa nenyasha dzaMwari. Muporofita Jeremiah akabvunza “*MuEthiopia angakwanisa here kushandura ganda rake, kana ingwe mavara ayo? Kana zvaibvira, nemiwo maigona kuita zvakanaka iyemi majaira kuita zvakaipa.*” (**Jeremia 13. 23**). Anoparidzazve oti: “*Moyo unonyengera kupfuura zvinhu zvoze, uye wakavora chose.*” (**Jeremia 17. 9**). Chido chomunhu wakaipa chinofarira uye chinoshandizana nezvakaipa. Naizvozo munhu achazvipindurira amire pamberi pechigaro chokutonga chaMwari.

Zvakangodaro, Mwari vanozadzisa zvinangwa zvavo zvokusingaperi. Nokuti tinoverenga kuti “*tinoziva kuti zvinhu zvese zvinobatiranawo kuti zviitire zvakanaka avo vanoda Mwari, avo vakadanwa sezvaakafunga.*” (**VaRoma 8. 28**). Chido chemunhu wakarurama pamwe nechemunhu wakaipa zviru mumaoko aMwari. Josefa nokutenda akakwanisa kuti kumadzikoma ake, apo airangarira nzira yavainge vamutengesa nayo kuti ave nhapwa “*Kana murimi, makandifungira zvakaipa, asi Mwari wakafunga kuti zvive zvakanaka.*” (**Genesi 50. 20**). Zvirokwazvo waigona kuti pamwe chete naSolomon, “*Mwoyo womunhu unozvifungira nzira yake, Asi Jehova unoraira kufamba kwake.*” (**Zvirevo 16. 9**)

Moyo wakazara nezvivi uye sarudzo yechido chomunhu hazvigoni kuita chero chinhu zvazvimiririra zvingafadza Mwari; asi kana Mwari vachishanda naMweya Mutsvene, zvino moyo womunhu unopindurirwa kune zvakanaka. Mutadzi zvino asunungurwa pauranda, achiiswa pakusunungurwa kokubwinya kwavana vaMwari (**Varoma 8. 21**).

Naizvozvo, muapostora Pauro akati kuVaFiripi “*naizvozvo, vadikanwa vangu, sezvamakateerera nguva dzose, ndisati ndiripo bedzi, asi zvikuru zvino kana ndisipo, pedzisai kuponeswa kwenyu nokutya nokudedera; nokuti ndiye Mwari unoita nouda kwake kwakanaka*”. (VaFiripi 2. 12-13).

Inyaya inorwadza kwazvo nhasi, kuti vazhinji vanozviti ma ‘Protestants’ nema ‘Evangelicals’ vanotsigirana naErasmus pamwe nechechi yeRoma, vachipikisana nedzidziso yaLuther inowirirana namagwaro pamusoro peukurunesimba raMwari panyaya yeruponeso. Zvinoshamisa here kuti bato reEcumenical Movement (Mubatanidzwa wezvitenhero) rapinda sei mumakereke? Kana hwaro hwedzidziso yechokwadi hukazvidzwa, zvinotinobva tapinda mukurasika mukufamba kwedu. Tichapeta chitsauko chino nendima dzakanyorwa naHallgrimur Petersson mushumiri wekuIceland. Dzakatorwa kubva pazvinyorwa zvake zve17 century apo aidzamisa ndangariro pamusoro pekusungwa kwaIshe Jesu muGetsemane.

Ishe wedu munyasha wakatendera  
Vavengi vake kusimuka -  
Mapenzi akamisa zvisinamaturu  
Simba rawo kurwa nematenga!  
Zvakare mubvunzo unotinhira:  
“Ndiyaniko wamunotsvaka?”  
Ivo Ishe vedu vakamukomberedza  
Vakagadzirira maoko ake kusunga.

Changamire vakanzwikwa zvino vachitaura:  
“Ndakuudzai kuti ndini iye.  
Kana ndiri’ni wamunotsvaka  
Regai ava varume vaende zvavo vakasunguka”  
Ndiwo matauriro emukoma wedu wekudenga  
Anehanya kwazvo navose vari vake,  
Akapfava samai vanyoronyoro  
Vasati vamboonekwa nerudzi rwavanhu.

Rudo rukuru nesimba zvaJesu  
Ngatizvifungisisei pano zvakanaka.  
Kunyange yaiva nguva yeusiku,  
Kutapwa kwake hakuna aifanira kumanikidza.  
Zvino kana kushaiwa kwangu kwakurisisa  
Vavengi vandikomberedza  
Ndinoziva munoisvomirira  
Kuparadza mazano avo.

Nechido chake akazvipira,  
Kuteerera Baba vake.  
Kuteerera wakapa  
Mhaka dzako kuti aripire.  
Dzako mhosva wakanganwa,  
Chibairo chake cherudo wapa,  
Mwana waMwari wakaberekwa mumwe oga.  
Kuti akupinze muParadiso?

Vakaungana zvino vakamupoterredza,  
Irori boka routsinye, risina dzidziso.  
Netambo dzoutsinye vakamusunga,  
Gwayana dzvene raMwari.  
Wakaiswako nokuda kwemhaka dzangu,  
Ishe vakasungwa zvakasimba.  
Kuti ziro-o ndozvaiva pfungwa dzakenyoro.  
Maoko ake vakaasunga.

Ndivo vaJuda vakakusungai,  
Asi zvivi zvangu ndizvo chikonzero.  
Zvakanamira samakashu zvakakupoterredzai,  
Nokuti ndakasiya mirayiro yaMwari.  
Zvino kwakadzika kupwanyika moyo kwangu  
Ndinokukumbirai ndisunungurei,  
Nokuti ichi ndicho chishuvo changu  
Kukushandirai pamwe nokukunamatai.

Nokusununguka kwake wakapa,  
Ndiwo madamburiro aakaita makashu angu.  
Musoro wangu usina kufukidzwa akadzivirira.  
Akandisunungura kubva pajoko rangu.  
Misungo inorema nokurwadza  
Paari zvakaputsikira zvikagara,  
Kuti huremu hwakazara hweropafadzo  
Hugare nokusingaperi pandiri!

Zvinoitai kuti joko renyu, Tenzi wangu,  
Ridzore chido changu chakarasika,  
Kuti nditevere ndichikurumidza  
Ndisvike panharidzano yechivimbiswa.



Ndega pabasa renyu  
Kusununguka kwazvokwadi ndinowana,  
Kufara bedzi kwamazvirikwazvo  
Kwemweya nemoyo nepfungwa.

(Kubva mubhuku yechirungu yaA. Gook)

### **CHITSAUKO 3**

#### **JESU KRISTU VANORATIDZWA VOBVA VAZIKAMWA**

##### ***Nhanganyaya***

Muapostora Pauro wakataura mashoko akadzama apo akati “*Naizvozvo sezvamakagamuchira Kristu Jesu, Ishe, fambai maari mune midzi yenyu nekuvakwa kwenyu maari, makasimbiswa pakutenda, sezvamakadzidziswa, muchinyanya kuvonga.*” (VaKorose 2. 6-7). Kunze kwekunge tanzwisisa kuti kugamuchira Jesu kuita sei, hatینگakwanisi kupfuurira mberi munzira youpenyu husingaperi. Zvakare, tichaonawo kuti zvinofanira sei kuti titsvage nyasha dzakasanangurwa dzinodirwa naMweya Mutsvene pamusoro pomutendi mutsva anofamba murudo rwake na Jesu rwokutanga.

Naizvozvo tinofanira kutsvaka kuti, ko takambotenda sei pakutanga? Ndezvipi zviedzo, uyewo maropafadzo atinowana nokushanduka? Kana tanzwisisa izvi, tichava nehwaro hwakasimba, kwokufamba muna Kristu Jesu Ishe.

##### ***Hutsvene hwaMwari nomutadzi atendeuka***

Havasi avo vane mabasa akaisvonaka, okutaridza, vanogamuchira Kristu zvamazvirokwazvo. Nokuti Jesu akati “*Nokuti handina kuuya kuzodana vakarurama, asi vatadzi.*” (**Mateo 9. 13**). Ishe vakasarudza vakarasika, vari mukuparadzwa pamwe neavo vasina tariro, kuti pavari nyasha nengoni dzake zvivheneke zvakanyanya.

Pakutanga mutadzi haanzwisisi mashandiro aIshe naye. Anoratidzwa kuti Mwari vakamisa zvakanaka nezvakashata muBhaibheri; zvino anotanga kuvona kuti chivi kudarika murairo mutsvene waMwari. (**1 Johane 3. 4**) Zvadarwo anoedza kutevera mirairo iyi nesimba rake; asi paanorwisa kuizadzisa ndipo paanoona ichinyanya kuda utsvene uye iri yemweya. Anofanira kuziva kuti Mwari havangotongi zvakaipa zvaitwa nemunhu asi pfungwa yezvakaipa yaanayo.

Kana hukuru nehutsvene hwaMwari zvaiswa pachena naMweya Mutsvene, mutadzi anojekerwa kuti Mwari wakakwirira zvisingayereki, uye anesimba pamwe nokubwinya zvakadarika zvake. (**Isaya 6. 1-7**). Izvi zvinotungamirira

mukubvuma chivi uye kutendeuka kwemoyo. Regai tipe muenzaniso wepano pasi. Kana tichienda kunosangana nemumwe munhu akafanana kana kuenzana nesu, tinonzwa kugadzikana chaizvo, uye dzimwe nguva tinobva tafunga kukwanisa kwedu uye kuti tingamupa sei chimiro chinoratidzika. Asi kana tichishanyira uyo ari mukuru kwazvo, wakakosha, anemukumbira, anesimba, anonzvera, uye ane hunhu nekutsiga kusinganyadzisi, tinodedera pamwe nokufunganya pamusoro pokutaira nokushaiwa simba kwedu. Uyu unongova muenzaniso usina simba unoratidza zviri mutadzi, unonzwisisa ukuru noutsvene hwaMwari. Zvinounza mumoyo kudzama kokubvuma chivi.

Mukubatwa nemhosva yechivi, nzira yenyama yomutadzi kuedza nekugona kwake kuti zvinhu zvimire zvakanaka. Zvisinei hazvo, uku kunongova kurwisa pasina nokuti chivi chine chikuriri. Umwe noumwe muKristu anofanira kudzidza kuti *“moyo unonyengera kupfuura zvinhu zvose, uye wakavora chose: ndiyani ungauziva?”* (**Jeremiah 17. 9**). Asi kana nyasha dzaMwari dzichishanda mumoyo kuburikidza noMweya Mutsvene, mutadzi anotungamirirwa mukutendeuka kuti anamate somuteresi uya *“wakati akamira kure asingadi kunyange nokutarisa kudenga, akazvirova chifuva, akati: Mwari, ndinzwirei tsitsi, ini mutadzi!”* Zvichienzaniswa nemunamato uzere namanyawi nokuzvikudza womuFarise, wakaudza Mwari pamusoro pamabasa ake *“akanaka”,* uyo waiva zvinonyangadza pamberi paMwari. Asi Jesu vanoti kudini nesimba rechikumbiro chakadzikama nokuzvininipisa chomuteresi? *“Ndinoti kwamuri: uyu wakaburukira kumba kwake aruramiswa kupfuura uya”* (**Ruka 18. 10-14**).

Sezvataona, mutendi umwe noumwe wezvokwadi munaJesu Kristu, unofanira kuziva hutsvene hwomurairo, hwakajaira kudaidzwa kuti murairo waMosesi, uyo unoiswa muhupfupi mumirairo ine gumi. Asi ndekupi kudyidzana kuri pakati pomurairo nevhangeri mukurarama komutendi? Mhinduro inopiwa nomuapostora Pauro, uyo wakanyora seizvi kuvaGaratiya *“Naizvozvo murairo chinyiko? Wakazowedzerwa nokuda kwezvivi, kusvikira mwana wakapikirwa izvozvo achizovuya; iwo wakarairwa navatumwa noruvoko rwomurevereri. Zvino murevereri haazi womumwe chete; asi Mwari ndomumwe. Naizvozvo asi murairo unorwisa zvipikirwa zvaMwari here? Haisva! Nokuti dai vakanga vapiwa murairo waigona kuraramisa, zvirokwazvo kururamiswa kwaibva kumurairo. Asi rugwaro rwakapfugira zvose pasi pezvivi, kuti chipikirwa chinobva pakutenda muna Jesu Kristu chipiwe vanotenda. Asi kutenda kusati kwasvika, taichengetwa pasi pomurairo, takapfugirwa nokuda kokutenda kwaizoratidzwa. Saizvozvo*

*murairo wakanga uri muperekedzi wedu kutiisa kuna Kristu kuti tiruramiswe nokutenda. Zvino kutenda zvakwakasvika, hatichisiri pasi pomuperekedzi. Nokuti imi mose muri vana Mwari nokutenda munaKristu Jesu.” (VaGaratia 3: 19-26).*

Avo vakarerwa pasi pomuperekedzi womurairo, uye vanonzwa marwadzo anosuwisa okudonha kwemunhu, vanogona kuti pamwe nomuporofita “*Nokuti isu tose tava so unetsvina, kururama kwedu kwose kwakafanana nenguvo ine tsvina; isu tose tinooma seshizha, zvakaipa zvedu zvinotibvisa semhepo. Hakuna unodana zita renyu, unozvimutsa kuti akunamatireyi; nokuti makativanzira chiso chenyu, mukatinyungurusa nezvakaipa zvedu. Asi zvino Jehova, muri baba vedu; isu tiri ivhu imi muri muvumbi wedu, isu tose tiri basa roruvoko rwenyu. Regai kutsamwa zvikuru, Jehova, uye regai kurangarira zvakaipa zvedu nokusingaperi; tarirai, dovonai, tiri vanhu venyu.” (Isaya 64. 6-9)*

### ***Kuuya kuna Jesu***

Apo mutadzi paanotendeuka achipiwa tariro inobwinya muna Jesu, zvivimbiswa zvakaisvonaka zvinounzwa naMweya Mutsvene. Vazhinji vanhu vaIshe vakaropafadzwa nokuda kwekudana kwechiporofita kwemudzikinuri, mwanakomana waDavid. “*Nhai, imi mose mune nyota, vuyai kumvura zhinji, nousine mari, huyai mutenge wayini nemukaka, musine mari, pasino mutengo. Munoparadzireiko mari muchitenga zvisati zviri zvokudya, nezvamakabatora muchitenga zvisingagutisi? Nditererei zvakana, Mweya yenyu ifare nezvakakora. Rerekai nzeve yenyu, muuye kwandiri; inzwi, mweya yenyu igorarama, ndichaita nemi sungano isingaperi, nyasha dzazvokwadi dzakapirwa Davidi.” (Isaya 55. 1-3)*

Nezvivimbiso zvakaisvonaka kudai uye nekukokwa uku vanhu vaIshe vanokwevewa kubva murima kuuya muchiedza. Sezvakavimbiswa zvekudzoredzerwa kwaIsraeri naIshe kuburikidza nomuporofita Jeremia, nokudaro mashoko aya akanyorwa kuti kereke inyaradzwe pamwe nokuropafadzwa, iyo Israeri yomweya; “*Jehova wakazviratidza kwandiri ari kure, akati: zvirokwazvo, ndakakuda norudo rusingaperi, naizvozvo ndakakukweva nounyoro.” (Jeremia 31. 3).* Achifemerwa naMweya Mutsvene mutadzi atendeuka, nokutenda, anotarira kuna Jesu somuponesi wake, anopiwa chido nezuva resimba raMwari. (Mapisarema 110. 3). Hunhapwa hwechivi nokuora zvinovhuniwa, iye mutadzi oziva kusununguka kunobwinya kwevhangeri. Tinoverenga pamusoro paRidia uyo wakanamata Mwari, uyo

**“Ishe wakazarura moyo wake, kuti ateerere zvaitaurwa naPauro.” (Mabasa vaApostora 16. 14).**

Vatadzi vanoruramiswa nokutenda munaIshe Jesu Kristu. (**VaGaratia 2. 16**), moyo yavo nokunzwisisa zvinozarurwa kuti vazive kuti Jesu akavafira. Vanoona nokutenda, kuti kubirikidza norudo pamwe nenyasha dzinopiwa pachena naMwari, Jesu wakaripira mhaka yakakura yezvivi zvavo. Kunyange zvazvo Jesu akafamba muupenyu hwokuteerera Mwari Baba hwakakwana achidzidzisa murairo wose, akarasira upenyu hwake, pamwe nekudeura ropa rake. Muapostora Pauro anotsanangura kuti murairo waMosesi waida kuteurwa kweropa remhuka, uyo waiva mucherechedzo wairatidza kudikanwa kwekudeurwa kweropa raJesu, gwayana raMwari. *“Asi Kristu wakati asvika ari muprista mukuru wezvinhu zvakanaka zvinozouya, akapinda nepatabernakeri yakapfuura pakukura napakukwana, isina kuitwa nemaoko, ndiko kuti, isati iri yokusikwa kuno, haana kupinda neropa rembudzi kana remhuru, asi neropa rake chairo, kamwe chete, zvikapera, panzvimbo tsvene, akatiwanira rudzikunuro rusingaperi. Nokuti kana ropa rembudzi nerenzombe nemadota etsiru, kana zvichisaswa pamusoro pavakasvibiswa, zvichivaita vatsvene, kuti vanatswe panyama, zvikuru sei ropa raKristu iye wakazviita nomweya usingaperi chibairo kuna Mwari, chisina chachingapomerwa, richanatsa hana dzedu pamabasa akafa, kuti tishumire Mwari mupenyu.”* (**VaHeberu 9. 11-14**).

Jesu havana bedzi kungodeura ropa ravo rakaisvonaka, asi tinoverenga kuti paKarivari masoja *“vakati vachisvika kuna Jesu, vachiona kuti watofa hake, havana kuvhuna makumbo ake, asi mumwe murwi wakabaya rutivi rwake nepfumo, pakarepo ropa nemvura zvikabuda, uyo wakavona, ndiye wakapupura, vuye kupupura kwake ndokwazvokwadi, iye unoziva kuti unoreva zvirokwasvo,”* (**Johane 19. 33-35**). Izvi zvinotaura pamusoro pezvinhu zvizhinji zvakaropafadzwa zvinoiswa pachena kumutendi naMweya Mutsvene. Chokutanga pane ropa rinoyananisa kubva pamoyo unerudo waJesu, rinounza *“humwe”* pakati paMwari nomutadzi mukubatana kwakaropafadzwa. Chepiri pane mvura youpenyu kuti ichenese mutadzi kubva pakusarurama kose pamberi paMwari. Asi muudzamu, uku kuzadziswa kwechiporofita *“vachanditarira ini, wavakabvoora; vachamuchema iye, somunhu unochema mwanakomana wake oga”* (**Zakaria 12. 10**). Izvi zvinoratidza kuti, kunyange zvazvo musoja wechiRoma akabaya Ishe Jesu panyama necheparutivi rwake, Mweya waShe mutsvene usina chivi wakabayiwa nokuda kwezvivi zvavanhu. Kana nokutenda mutadzi akanzwisisa izvi, panova nekuchema pamusoro pezvavaitwa nechivi, vuye

kujekerwa namaipiro akaita chivi. Uyewo, panova zvakare nokudokwairira kudzikinurwa kubva pakuvora kwechivi, uye kushumira Ishe nerudo muupenyu utsva.

Hakusi kufa kwaKristu chete kunofanira kuzikanwa mumoyo, asi kukosha kwekumuka pamuviri kwaJesu uye kukwira kwake kudenga. Pauro anonyora pamusoro paJesu achiti “*Iye wakaiswa kurufu nokuda kwokudarika kwedu, akamutswa nokuda kokururamiswa kwedu. Naizvozvo zvatinoruramiswa nokutenda ngative norugare kunaMwari naShe wedu, Jesu Kristu; watakawana naye mapindire nokutenda munyasha idzi, dzatinomira madziri; ngatifare netariro yokubwinya kwaMwari.*” (VaRoma 4. 25 – 5. 2). Nokuda kokukwira kudenga nenyama yavo, vanoreverera nokumiririra vanhu vavo pamberi pechigaro chaMwari. “*Nokuti zvirokwazvo, haabatsiri vatumwa, asi unobatsira vana vaAbrahama. Naizvozvo wakafanira kuti aenzaniswe nehama dzake pazvinhu zvole, kuti ave muprista mukuru une ngoni wakatendeka pazvinhu zvaMwari, kuti adzikinure zvivi zvavanhu.*” (VaHeberu 2. 16-17). Sezvo Ishe Jesu vakamuka kuvakafa vakakwira kudenga, saizvozvo mukubatana naJesu mumwe noumwe mutendi wazvokwadi anokwira muupenyu hutsva muna Mwari. Panyika vanoziwa kubatana pamweya, asi mushure mokufa mweya yavo ichaiswa pamberi pechigaro chaMwari murudo nenyasha kuti igare nokusingaperi. Nokuti Mwari “*akatimutsa pamwe chete naye, akatigarisa kudenga pamwe chete naye muna Kristu Jesu; kuti nenguva dzinovuya aratidze pfuma huru-huru yenyasha dzake paunyoro hwake kwatiri muna Kristu Jesu.*” (VaEfeso 2. 6-7).

### ***Kupupura chiKristu kusina Ruponeso Rwechokwadi***

Tatarisa avo vanembeu yevhangeri yakadzvarwa paivhu, rakanaka “*ndiye anonzwa shoko, akarinzwisisa; ndiye unobereka zvibereko.*” (Mateo 13. 23). Zvisinei, ngatienzanisei ruzivo rwazvokwadi rweruponeso nechinamato chevazhinji, vakaita sembeu yakasimwa parukangarabwe: vanonzwa shoko nemufaro, asi vodonhera kurutivi kana kurwiswa kuchiyuya kana kuedzwa nokuda kwevhangeri kuchisimuka. Nokudaro, ngatitore kuyambirwa pamusoro pemuKristu “*wakakushwa pakati pemunzwa,*” anova uyo “*anonzwa shoko; zvino kufunganya kwenyika, nokunyengera kwefuma zvinovhunga shoko, rikashaiwa zvibereko.*” (Mateo 13. 22).

Zvinorwadza kwazvo kana tichitarisa chimiro chemakereke anozviti

echiKristu nhasi. Chokwadi chiri kutsikwa pasi petsoka misi nenguva, nevashumiri vanofanira kunge vachifudza boka. Naizvozvo hazvishamisi kuwana masangano akazara nevarume nevakadzi vasingazivi vhangeri, nenzira yarinoratidzwa naMweya Mutsvene, uye semamisirwo arakaitwa muBhaibheri. Kunyange zvazvo zvichiratidzika sekunge vanotaura nhau yeruponeso, havazivi chinhu pamusoro pokurashika! Chiratidzo chechinamoto chenhema, ichi kushaikwa kwekubvuma pamusoro pechivi pamwe nekutendeuka kunobva pamoyo. Kune vamwe chinamoto chavo chinongova muzvinhu zvenyika ino bedzi, nyambisirwa Pauro anonyora achiti “*Kana tinetariro kuna Kristu, pavupenyu ubwu bedzi, tinonzwisa vurombo kukunda vanhu vose.*” (1 VaKorinte 15. 19). Kuvakira kereke panyaya dzeunhu kana kuti zve magariro avanhu, hunyanzvi hwavanhu kana muono wamabasa makuru kana zvimwe zvinofadza zvinenge zvichiitika ndiko kuvakira pajecha. Hapana chimwe chingatsiva dombo, iye Kristu Jesu Ishe, panova ndipo pakavakirwa kereke yazvokwadi. (Mateo 16. 18).

Tinofanira kubvuma, kuti vashoma kwazvo nhasi vanotaura nokuziva nokutenda pamusoro pesimba riri muropa raKristu “*rinotinatsa pazvivi zvose*” (1John 1. 7). Vashoma kwazvo vane nzvimbo kwavanonamata, vanogutsikana nevhangeri mukunyorova kwaro kune ropafadzo. Naizvozvo, nokutenda ngatizvinzvere. Tiri pamusoro pedombo zvirokwazvo here, Kristu Jesu Ishe? Takabatana zvirokwazvo noMuzambiringa here, uye tinobereka zvbereko here, iwo mazambiringa akaisvonaka, kuti Mwari vakudzwe? Tinoziva here inzwi “romudiwa” anova Kristu anotaura kukereke yake? “*Mudiwa wangu wakataura, akati kwandiri: Simuka, shamwari yangu, wakanaka wangu, vuya! Nokuti tarira, chando chaenda; mvura yaperu, yaenda; maruva ovonekwa panyika; nguva yokurira kweshiri yasvika, nenzwi renjiva rinonzwika panyika yedu. Muvonde woibvisa mavonde awo mambishi, vuye mizambiringa yotunga maruva; simuka, shamwari yangu, wakanaka wangu vuya!*” (Rwiyo rukuru rwaSoromoni 2 : 10-13).

Ngatipei zvino muenzaniso unopatsananura chiKristu chechokwadi kubva kune chenhema, tichishandisa muenzaniso wepano pasi. Ngatingotiyi tapinda muchikepe kuti tiende rwendo netariro dzakawanda dzenyika nezvishuvo; zvichida tinoda kunotanga hupenyu hutsva mhiri kwemakungwa. Chiriporipo chikepe chorovera padombo rakavanda chobva chatanga kunyura. Tariro yedu yose inobva yarasika; todanidzira kutsvaka kuponeswa panjodzi iyi. Zvino patinenge tava kutoparara, chimwe chikepe chakamirira kudzivirira njodzi

chobva chasvika kuzotibatsira, chotitora chotiendesa kuneimwe nyika yakasiyana neyatanga tichifunga. Izvi zvakafanana nomutadzi asingazivi Mwari, asi obva aiswa munjodzi huru naMwari, kuti aone chimiro chake chokurasika, kuti adanidzire achitsvaka ngoni. Ishe zvino vobva vaswedera vomuponesa nekutenda muna Kristu Jesu.

Pane nyaya imwe yakafanana naiyoyi apo tinopinda parwendo, asi zvisihoma nezvisihoma tinobva tatanga kuona kuti chikepe hachina kufanira kufamba mugungwa sezvataifungidzira pakutanga. Tinoedza zvakanyanya kuchigadzira kana kuzviponesa, asi mamiriro echikepe obva atonyanya kuipa, kusvika pakupedzisira todanidzira tichitsvaka rubatsiro tobva tawana rubatsiro. Izvi zvinopa mucherechedzo weuyo wakaratiidzwa chidanho nechidanho, zvichida kwemakore mazhinji, kuti aone kurasika kwake. Asi unowana kuti pachingori nokudanidzira kwekutsvaka ngoni, uye kuzarurirwa kumwe chete paruponeso muna Kristu.

Zvino ngatienzanise izvi neavo vari pamafaro pamhenderekedzo dzegungwa uye vachiyeverwa neshambadzo yekupinda parwendo rwokufara muchikepe. Zvichikwezva kwazvo, uye zuva rakadzikama kuchirova mushana. Mari inobva yabhadharwa yerwendo rwemuchikepe urwu, mushure mekanguvana vanhu vari muchikepe vanodzoka zvekare panzvimbo chaipo pavambokwirira chikepe. Izvi ndizvo zvakaita chinamato chenhema. Hachina kuchemera ngoni, hachina pfungwa inombofunga nezvokuparara zvichikonzerwa nokugura murairo mutsvene waMwari, uye mutadzi anongosiwa ari muzvivi zvake. Kunyangwe uku kungopupura chikristu kwenhema kungava nezvinofadza zvizhinji muupenyu huno, gehena rakamirira kuti rigamuchire mutadzi asina kutendeuka! Tingaita zvakana kana tikarangerira mufananidzo wemufumi naRazaro. (**Ruka 16 : 19-31**).

Zvino ngatizvibvunzei, chii chatinoziva maringe neruponeso rwazvokwadi muna Jesu Kristu rwunoratidzwa pachena naMweya Mutsvene? Izvi zvinhu zvinombobatawo mweya yedu here? Kana tichitaira, kana kuti tisina kugutsikana kuti tinoziva ichi chokwadi chakaropafadzwa sedungamunhu mumoyo, ngatichitsvakurudza zvakanyanya pamunamato kuna Jesu, zvino ngatikururei moyo yedu pamunamato. Zvino ngatikumbirei Mweya Mutsvene kuti vativhurire Bhaibheri vatipe kutenda kwazvokwadi neruponeso, uye kuti mudhuri wekufungana kwenyika nokusatenda zvibviswe.

Ishe Jesu vakapa kurudziro yakaropafadzwa kune avo vanotsvaka. “*Kumbirai,*



*muchapiwa; tsvakai, muchawana; gogodzai, muchazarurirwa. Nokuti mumwe nomumwe unokumbira, unopiwa unotsvaka, unowana; ;nounogogodza,unozarurirwa. Ndavapiko baba pakati penyu, kana mwanakomana achikumbira chingwa, vangamupa ibwe here? Kana hove vangamupa nyoka panzvimbo yehove here? Kana akakumbira zai, vangamupa chinyavada here? Naizvozvo kana imi makaipa muchiziva kupa vana venyu zvipo zvakanaka, baba venyu vari kudenga vachapa zvikuru sei Mweya Mutsvene vanokumbira kwaari.” (Ruka 11. 9-13).*

Ishe ndiye muponesi wavose vanotenda nokutenda kwehumwari. “*Havadi kuti chero ani aparare, asi kuti vose vatendeuke.*” (2 Petro 3. 9). Ishe ngavatipe zvisviro zvazvokwadi zvemweya, uye nyasha tive nenzeve dzokunzwa kukoka nokudana kwevhangeri. Jesu vakati, “*Huyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa, ndichakupai zororo.*” (Mateo 11. 28). “*Nokuti murairo wakapiwa naMosesi, nyasha nezvokwadi zvakavuya naJesu Kristu.*” (Johane 1. 17). Zvino zvinhu izvi ngazvive zvedu!

### ***Nyasha dzomutendi mutsva***

KumuKristu umwe noumwe, nguva yorudo rwokutanga, urwo rwaanoitwa narwo kuti azive ruponeso munaJesu, yakakosha kwazvo. Zvakadaro, ngatiregei kungozorora mundangariro dzokutanga idzi, asi ngatitarirei zvekare rugwaro rwatatanga narwo chitsauko chino. “*Naizvozvo sezvamakagamuchira Kristu Jesu, Ishe, fambai maari.*” (Vakorose 2. 6). Idzi nyasha dzakasarudzika nezvadinounza zvakaropafadzwa zvinoitwa neruponeso zvinofanira kudokwairirwa mumakore anotevera munaKristu uye nokufambiwa mazviri. Apo zvapanenge panekukura munyasha nokuziva Ishe munguva youpenyu hwemuKristu, idzi nyasha dzakasarudzika dzekushandurwa ndihwo hwaro hwemafambiro omuKristu: hadzishanduki zvino ngatidzitarisei.

Kutendeuka kunodikanwa pamazuva ose ehupenyu hwemuKristu. Kunyange zvazvo angaziva kudzikinurwa nekuregererwa kwezvivi, muKristu haana kukunda zvitadzo kana achiri panyika. Izvi zvinopupurwa nomuapostora Pauro, uyo waizviziva semukuru wevatadzi (1Timotio1. 15). Pauro anonyorawo zvekare kuti kurwisana kuri mukati pakati pomunhu wakare wezvivi nemunhu mutsva wenyasha. “*naizvozvo ndinowana murairo uyu kuti kana ndichida kuita zvakanaka, zvakaipa zviripo kwandiri. Nokuti ndinofarira murairo waMwari nomunhu womukati; asi ndinovona mumwe murairo pamitezo yangu, unorwa nomurairo womurangariro wangu*

*unonditapira kumurairo wezvivi uri pakutambudzika! Ndianiko uchandisunungura pamuviri worufu urwu? Mwari ngaavongwe, naJesu Kristu, Ishe wedu. Naizvozvo nomurangairo ndinobatira Mwari, asi nyenya murairo wezvivi. Naizvozvo hakuchina kupiwa mhosva kunavari munaKristu Jesu. Nokuti murairo woMweya woupenyu munaKristu Jesuwakandisunungura pamurairo wezvivi noworufu.” (VaRoma 7. 21-8. 2).*

Tinofanira sei kufamba mukutendeuka nokutenda, tichidzoka tadzokazve kuna Jesu! Dai tatungamirirwa naMweya kuti tikumbire nyasha uye simba rokufamba mumirairo yake, kuti munhu wakare wezvivi atsikirirwe pasi. Dai takewhwa naMweya Mutsvene kuti tinamate saJabezi “*Haiwa, dai muchindiropafadza henyu, nokukurisa nyika yangu, nokundifambisa noruvoko rwenyu, nokutichengeta kune zvakaipa, kuti zvirege kundiwira! Mwari akamupa zvaakakumbira.” (1 Makoronike 4. 10).*

Mutendi mutsva anekutenda kwakaita sekwemwana mucheche neruvimbo munaJesu. Kana izvi zvawanikwa mumutendi musharu, zvinobva zvava chishongo chesimba revhangeri. Chibereko chekuuya nemhando iyi kana Jesu mukunyengetera, apo kufunganya kwemoyo kunoposherwa patsoka dzake, zvichibudisa mhinduro dzomonamato zvinounza kukudzwa kwaMwari. Chinovonekwa chokutenda sokwemwana muduku kusiya mafaro enyika parutivi, tokwezvewa murudo naJesu tofamba mumirairo yake uye kuona kuti nyika haina chainacho.

Zvekare chimwe chiratidzo chemutendi mutsva rudo rwake kune vamwe vaKristu. Apa panenge pasina kufungira kana kusarudza kuya kunosuvisa kunogarokanganisa kereke. Sekuziva kutapira kunoita rudo rwaMwari kwaari, saizvozvo anodawo hama dzake dzemweya. “*Vadikanwa, ngatidane; nokuti rudo runobva kuna Mwari; mumwe nomumwe unoda, wakaberekwa naMwari, unoziva Mwari. Usingadi haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo.” (1 Johane 4. 7-8).*

Kana munhu asvika pakuziva fuma yokudenga iri muna Kristu Jesu, panova nechishuviro chinopfuta chokuzivisa vamwe pamusoro pechozvadi iyi yakasarudzika uye yakaratidzwa. Naizvozvo, mufaro wokuva chapupu chaJesu unopenya mumutendi mutsva. Apo Ishe Jesu vakazvivizisa kumukadzi weSamaria, “*akaenda muguta, akati kuvanhu, Vuyai muvone munhu, wakandivudza zvose zvandakaita handiti ndiye Kristu here?” (Johane 4. 28-29).* Saizvozvovo, mupengo weGadhara wakarairwa naJesu, apo vakanga vadzinga regioni yemadhimoni kubva kwaari “*Enda kumba kwako, kuhama dzako, uvaudze zvinhu zvikuru zvawaitirwa naShe, napawakaitirwa ngoni napa.” (Marko 5. 19).* Hapafaniri kuva nechishuvo nguva dzose here kuti vamwe vazive kunaka kwakaita Jesu? Kana huchapupu ihwohwo husimo

muopenyu hwedu, hazviratidzi here kuti takakanganwa rudo rwedu rwokutanga, kana kuti kuipa kwazvo, hatina kumbogara taziva rudo rwaJesu mumoyo yedu?

Ngatirangarirei kunzverwa kunoitwa magwaro nomutendi mutsva, achigaro verenga Bhaibheri. Pane kuziva kwakavandudzwa pamusoro paJesu mumagwaro, sezvinojekeswa naMweya Mutsvene. Izvi zvinopa kunyaradza kunotapira nokufunga kwakadzikama mukati memiedzo nezvigozhero. Zvino kuvonga kunobva pamoyo kunokwira kuna Mwari, pamusoro pezvipo zvake zvizhinji, zvose panyasha pamwechete nokupa kwake!

Izvi zvinhu, kunyanya kuuya kuna Jesu, zvinodikanwa kwete kamwechete bedzi, asi parwendo rwose rweopenyu. Ngatirangarirei zvino yambiro yaShe kukereke yepaSardisi, unoti: *“Ndinoziva mabasa ako, kuti unonzi uri mupenyu, asi wakafa. Pepuka, usimbise izvo zvakasara, zvanga zvodo-kufa; nokuti handina kuwana mabasa ako kuti akakwana pamberi paMwari wangu. Naizvozvo rangarira kuti wakagamuchira nokunzwa sei; uzvichengete, utendevuke. Naizvozvo kana usingapepuki, ndichauya sembava, haungazivi nguva yandichakuwira nayo.”* (**Zvakazarurwa 3. 1-3**).

### ***Kristu Jesu Ishe***

Ngatiendei zvino kuneimwe nyaya kubva parugwaro rwedu munaVaKorose; madaniro awo muapostora Pauro aanoti kumudzikinuri “Kristu Jesu Ishe” (**VaKorose 2. 6**). Ngatisadarika nyaya iyi tichimhanya, asi noMweya tinzvere kukosha kwezita iri.

Shoko rokuti Kristu rinobva munerechiGiriki rinonzi “Christos” zvichireva kuti “akazodzwa,” muchiHebheru iri shoko iri ndi “Messiah.” Zita rinoti “Jesu” mutauro wechiGiriki unobva pamutauro wechiHebheru “Joshua” zvichireva “Muponesi.” Naizvozvo, Jesu Kristu ndivo Mesiasi, wakazodzwa waMwari, nemuponesi. Mashoko omutumwa kuna Josefa aiva, *“uchatumidza zita rake JESU: nokuti uchaponesa vanhu vake kubva pazvivi zvavo.”* (**Mateo 1. 21**). Chikamu chetatu chezita iri, “Ishe,” chinotaura nezveMwari, munhu wechipiri weVutatumumwe. Jesu wakazodzwa seMuporofita, Muprista uye Mambo; kana tichizogamuchira kuzodza kubva kuna Mwari, zvinobva pakubatana kwedu naJesu Kristu muzodziwa.

Kushanda pamwe chete kwemazita aya “Kristu Jesu Ishe” kwakakosha

chose. Kunopatsanura zvokwadi kubva pakurasika; zvinoisa pachena avo vasingazivi chokwadi (sezvainoratidzwa naMweya Mutsvene), asi mashoko avo achiratidzika kuva echiKristu. Kuna vazhinji vanotenda muna “Kristu;” asiri Jesu, asi anongova mumwevo muponesi. Vamwe vanotevera Jesu nokungoti munhu akanaka, akaisa muenzaniso wokuzvipira. Kune vamwe zvekare vanotenda muna “Ishe,” asi asiri Ishe Mwari waIsraeri. Zvino kana tichitaura pamusoro pa “Kristu Jesu Ishe.” hapana mukana wekuvumba mubatanidzwa pakutenda nezvitendero zvakasiyana-siyana. Asi zvino, Jesu Kristu vanoratidzwa semunhu akazara uye ari Mwari akazara pamwechete zvekare, Muponesi mumwe chete. Zvino ngatitarisei chidzidzo ichi zvakadzika.

Mwari pavakazviratidza kuna Mosesi mugwenzi raipfuta, wakabvunza zita raMwari. *“Ipapo Mosesi akati kuna Mwari: Tarira, kana ndikasvika kuvana vaIsraeri, ndikati kwavari: Mwari wamadzibaba enyu wakandituma kwamuri, ivo vakati kwandiri: Ko zita rake ndiani? Ndichatiyi kwavari? Mwari akati kuna Mosesi: NDICHAHA IYE WANDICHAHA. Akati: undoti kuvana vaIsraeri: NDICHAHA ndiye wakandituma kwamuri.” (Eksodo 3. 14-15).* Zita rokuti “NDICHAHA” muchiHebheru ndi “Jehova” mu “Authorised Version”; zvichida rinoshandurwa kuti “ISHE” (zvinoratidzwa muA.V. kubva mune mamwe mazita zvinoshandurwa kuti “Ishe” nokushandisa mavara makuru). Iri shoko rechiHebheru, iro ratinodaidza “Jehova,” rainzi rinoyera kwazvo nemaJuda, zvokuti rainge risingagoni kushevedzwa nokuda kwekutya kudaidza zita raShe pasina. Naizvozvo, tinoona huMwari hwaIshe Jesu, apo vakati kumaJuda *“Abrahama asati avapo ini ndaivapo.” (Johane 8. 58).* Saizvozvo, mugadheni yeGetsemane tinoverenga kuti; *“Zvino Jesu, zvaakanga achiziva zvose zvaifanira kumuwira, akabuda, akati kwavari: Munotsvaka aniko? Vakamupindura, vakati: Jesu weNazareta. Jesu akati kwaari: ndini. NaJudasi, wakamupandukira, wakanga amirevo navo. Zvino wakati areva kwavari achiti: Ndini, vakasudurukira sure vakawira pasi.” (Johane 18. 4-6).* Pano tinoona kubwinya kwehuMwari huchipenya apo Jesu vanotaura mashoko *“ndini”*, naizvozvo vachiratidza kuti ainge asiri Jesu anozvidzika weNazareta, asi Mwari Mwanakomana.

Imwe mienzaniso inowanikwa mutestamende yekare inotaura nechiporofita ichinongedza Jesu sa “Ishe”. Ngatitarisei manzwi, *“ini Jehova, wokutanga, nowuri wokupedzisira, ndini iye” (Isaya 41. 4).* Namashoko aIshe Jesu vakamuka, *“ndini Alpha naOmega, wokutanga nokupedzisira” (Zvakazarurwa 1. 11).* Umwe muenzaniso unowanikwa nekutarisa **Isaya 40. 3** na**Mateo 3. 3**. Zvakare naPauro paanodanidzira kuna Mwari munzira yokuenda Damasiko, akati: *“ndimi aniko Ishe? Ishe vakati, ndini Jesu*

*waunotambudza” (Mabasa 9. 5)*

Tataura zvishoma nyenya yekubatana iri pakati paMwari Baba, naMwari Mwanakomana, asi zvakare pana Mwari Mweya Mutsvene. Jesu, Mwanakomana waMwari, wakataura pamusoro poMweya unobva kuna Baba nokuMwanakomana. **(Johane 15. 26)**. Basa rakaropafadzwa roMweya Mutsvene, munhu wetatu paVutatumumwe, kuzivisa Jesu kuvanhu vakasarudzwa vaMwari; *“Munyaradzi Mweya Mutsvene, uchatumwa nababa muzita rangu, iye uchakudzidzisa zvose nokukuyevudzirai, zvose zvandakareva kwamuri” (Johane 14. 26)*. *“Asi kana asvika, iye Mweya wazvokwadi, uchakutungamirirai muzvokwadi yose; nokuti haangatauri zvake, asi zvaakanzwa, ndizvo zvaachataura, uye uchakuparidzirai zvinouya. Uchandikudza, nokuti uchatora pane zvangu, akakuparidzirai izvo” (Johane 16. 13-14)*. Naizvozvo muapostora Johane wakanyora pamusoro peVutatumumwe achiti, *“Nokuti kunezvitatu zvi nopupura, zvinoti; Mweya, nemvura neropa zvitatu izvi zvinopupura chinhu chimwechete.” (1 Johane 5. 8)*

Nhoroondo yekereke pamwe nokudzidzisa kwemagwaro, kunoti Mwakomana waMwari wakazvarwa nokusingaperi naBaba. Wakazvarwa maringe nokudyidzana kwavo kuri paVutatumumwe, asi kwete nokuda kwehunhu hwavo hwehumwari uko kunogara nokusingaperi (Tarira bhuku ra J. C Philpot, *The Eternal Sonship*). Ichokwadi chikuru zvakare chakasimba kuti Mwanakomana waMwari wakabatana muhumwari hwake kuva mwana wa *“Abrahama. Naizvozvo akafanira kuti ayenzaniswe nehama dzake pazvinhu zvose” (VaHeberu 2. 16-17)*. Musiyano wakakosha pakati paJesu Kristu navamwe vanhu vose ndowokuti Jesu haana kuzvarwa nababa venyama, asi wakaberekwa nemhandara. Wainge asina kusvibiswa nokudonha kwevanhu, saka naizvozvo wainge asina zvivi. Pamusoro paizvozvo achienzaniswa naAdam naEva, Jesu vainge vasina chivi bedzi, asi vainge vasingakwanisi kuva nechivi. Neuyo musiyano uri pakati pemunhu naMwari zvinoita kuti Ishe Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, ave iye murevereri mumwe chete pakati paMwari Baba navatadzi vatenda zvichijekeswa naMwari Mweya Mutsvene. *“Nokuti kunongova naMwari mumwe chete, noMurevereri mumwe chetevo, pakati paMwari navanhu, ndiye munhu Kristu Jesu.” (1 Timotio 2. 5)*

Jesu Kristu wakararama upenyu hwakakwana akazadzisa kururama kose, asi Mwari Baba *“wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari.” (2 VaKorinte 5. 21)*. Muhunhu hwake Jesu wakafa rufu, zvisingaitiki kuhunhu hweumwari. Asi zvino mukubatana nehunhu hwake houwari, Jesu Kristu vakava chibayiro chakakwana chezvivi chakakosha nokusingaperi, izvo zvisingakwanisiki nemunhu bedzi asina humwari. Mukubatana kwehuMwari nehunhu, hwakaropafadzwa hwaIshe Jesu Kristu

Mwanakomana waMwari, kudzikinurwa kwakazadzikiswa zvakakwana.

Zvakare, rudo rusingaperi rwaBaba kuMwanakomana runoiswa pamusoro pemutendi umwe noumwe. “sezvaakatisanangura nyika isati yavambiwa ” (VaEfeso 1. 4). Ishe Jesu vakatsidza mumunamato wavo kuna baba “*ini mavari, nemi mandiri, kuti vave vakwaniswe kuva vamwe; uye kuti nyika izive kuti makandituma, uye kuti makavada, sezvamakandida ini.*” (Johane 17. 23). Kuramba huMwanakomana hwake kuramba iye Mwanakomana uye kunopokana nerudo rwaMwari kukereke.

Zvichakadaro, kune hudzamu zvekare hunova hwaro pamusoro pekuyereswa kwehumunhu kwaIshe Jesu. Kereke yokutanga yakatambudzwa nedzidziso dzakatsveyama panyaya iyi, sedzimwe mhosho dzirikuonekwa nhasi pamusoro peVutatumumwe. Vazhinji ve**Gnostics** vakaramba kuti Jesu vaiva nomuviri womunhu, asi waingovapo somweya bedzi. Asi zvinoka hapazaigona kuva nokudeuka kweropa, zvaizosaka pasava nerudzikinuro (VaHeberu 9. 22). Norumwe rutivi munguva ye4th century, Arius, nevateveri vake (vaizikanwa nokunzi VaArian) vairamba kuti Jesu vaiva nemoyo wemunhu ( Verenga Bhuku raRobertson rinonzi ***Church History, 3rd Edition***, (John Murray), 1864 volume 1 peji 208 uye 275). Zvakadaro, Isaya akataura nechiporofita pamusoro paJesu; “*Asi kwaiva kuda kwaJehova kuti arwadziwe; wakamurwarisa; kana Mweya wake wavuya nechipiriso chezvivi, uchavona zvibereko zvake, uchawedzera mazuva ake, zvinodikanwa naJehova zvichifambiswa zvakanaaka noruvoko rwake. Uchavona zvaakatamburira nomweya wake, akagutiswa; nokuziva kwake muranda wangu wakarurama ucharuramisira vazhinji; uchatakura zvakaipa zvavo. Saka ndichamuganhurira mugove pamwe chete navakuru, uchagoverana zvakapambwa navanesimba; nokuti wakadurura mweya wake pakufa, akaverengwa pamwe chete navadariki; kunyange zvakadaro wakatakura zvivi zvavazhinji, akanyengeterera vadariki.*” (Isaya 53: 10-12). Shoko rechiHebheru rinoreva “mweya” ndiro rimwe rinoshandiswa kureva mweya yevanhuwo zvavo (Tarira bhuku raYongng rinonzi ***Analytical Concordance***).

Mhosho idzi dziri mbiri yechiGnostic neyeArian, zvinorova pamoyo wevhangeri. Kana Jesu vasina kutambudzika somunhu pamuviri nomweya, hapazaiva noruponeso pamuviri nomweya wevatadzi vatenda. Kana Jesu vaingova munhu bedzi zvichienderana nomuviri wavo sezvinorehwa nevaArian, hapazaiva nokucheneswa nokudzikinurwa kwemoyo. Hapazaiva nokudzikinurwa kubva pakutambura kwemoyo, hapazaiva neropafadzo, kana mufaro nerugare mukutenda.

Tichipedzisa tinoona rudo rwaBaba rwekusarudza vatadzi vakaipisisa uye vasina kodzero, nokutuma Mwanakomana wavo akaberekwa mumwe oga,

kuti tive vana vake (**vaGaratia 4. 5, VaEfeso 1. 5**) Aya maropafadzo okudenga asingaperi muna Jesu anoratidzwa kuvatadzi naMwari Mweya Mutsvene. Asi chenjera! Vutatatumwe hauronedzerwi kana kubatwa nokunzwisisa kwevanhu; ndezvokudenga zvakavanzika zvinofanira kujekeswa noMweya. *“Hakuna ungaramba kuti chakavanzika chokunamata chikuru kwazvo, chokuti: iye wakaratiidzwa panyama, wakaruramiswa pamoyo, wakavonekwa navatumwa, wakaparidzwa pakati pavaHedeni, wakatendwa panyika, wakakwidzwa mukubwinya.”* (**1 Timotio 3. 16**).

### ***Kutenderana kweShoko Rakanyorwa neShoko Rinorarama***

Muapostora Johane akanyora pamusoro paJesu Kristu: *“Pakutanga Shoko rakanga riri’po, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari.”* (**Johane 1. 1**). Izvi hazvingopi uchapupu hwakadzama pamusoro pehumwari hweMudzikinuri bedzi, asi zvinotitungamirira mukuti titore kuti shoko rakanyorwa raMwari, rakafemerwa naMweya Mutsvene, riri pakubatana kunobwinya neshoko rakava nyama raMwari iye Ishe Jesu Kristu.

Naizvozvo tingagoti seiko tinotevera Jesu, kana tichirega mavune kutevera magwaro evhangeri akanyorwa muBhaibheri? Kana tichida Jesu, panofanira kuonekwa matiri rudo rwamagwaro, uye kuremekedza magwaro akanyorwa. Jesu vakati *“Kana muchindida, chengetai mirairo yangu”* (**Johane 14. 15**). Nyanduri anozvijekeza seizvi.

Iti, muKristu, uchakunda  
Mukuziva Ishe wako?  
Namagwaro chero api usarwisana,  
Asi dedera pashoko rake.

Remekedza gwaro rinoyera;  
Kutsungirira pachikamu chipi zvacho.  
Kunyengedza, nevupofu uye kutsamwa kusina simba,  
Moyo wakaoma unozvikudza

Kana uri apo panosvika rima ,

Chema, kushaiwa meso kwako;  
Hapana kusakwana kungawanikwapo,  
Nokuti mashoko aMwari ose akarurama.

Magwaro naiye Ishe  
Zvakatakura zita rinesimba rimwe chete;  
Shoko rakanyorwa pamwe neshoko rakava nyama  
Pazvinhu zvese zvakafanana.

(Hart)

Kuda kwaMwari kuti vanhu vake vakasanungurwa vabereke zvbereko zvomweya zvinopa kukudzwa kwake nokusingaperi. (**Johane 15. 16, VaRoma 7. 4**). Zvisinei, ngatirangarirei kuti simba nokugona kuita zvakana hazvizi mumutadzi, asi mumuponesi “*Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izvo zvisingabvi kwamuri asi chipo chaMwari; hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza. Nokuti tiri basa rake, takasikwa kuti muna Kristu Jesu tiite mabasa akanaka, akagadzirwa kare naMwari kuti tifambe maari,*” (**VaEfeso 2: 8-10**).

Zvino ngatitsungei pamunamato kuna Mwari kuti tidzidziswe naye, kuti tizive kukura munyasha, idzo nyasha dzaMwari. Zvino “*tichanatswa naMwari baba nokuchengetwa muna Jesu Kristu.*” (**Judasi 1. 1**). Zvisinei, muupenyu huno muKristu haakundi zvivi kamwe-kamwe, asi uchawana nekunzwisisa kwakadzika pamusoro povutadzi hwake mukufamba kwenguva. Saka muKristu achadzidziswa kuvimba zvakanyanya nenyasha netsitsi dzaMwari mazuva ose okufamba panyika. Munamato womunyorori weMapisarema unobva zvino wanyatsokwana pakadai kune avo vanotevera Jesu munzira.

“*Mweya wangu unonamatira guruva, ndiponesei neshoko renyu--- Ndichamhanya nenzira yemurairo wenyu, Kana muchinge makurisa moyo wangu. Ndidzidzisei, Jehova, nzira yemitemo yenyu; Ndigoichengeta kusvika pakuguma. Ndipei njere, ndichengete murawu wenyu; zvirokwasvo, ndichauchengeta nemoyo wangu wose. Ndifambisei munzira yemirairo yenyu; nokuti ndinoifarira kwazvo. Kweverai moyo wangu kuzvipupuriro zvenyu, urege kukweverwa mukuchiva. Dzorai meso angu ndirege kuona zvisina maturo, mundiponesei panzira dzenyu*”. (**Mapisarema 119. 25, 32-37**).

**CHITSAUKO 4**



**UCHAPUPU HWEKEREKE**

***Kubatana kwavatendi***

Pachitsauko chapfuura tatarira zvakanyanya nyaya yekuziva Jesu pachako semunhu. Zvino ngatichitarirai muviri wavatendi iyo Kereke.

Ichokwadi chakasimba kuti makristu ose akadzikinurwa muna Jesu Kristu akabatana pamweya. Izvi zvinoratidzwa nemunamato waJesu achinamatira vatendi vose. *“kuti vose vave vamwe; semi baba muri mandiri, neni mamuri; kuti naivo vave matiri, kuti nyika itende kuti makandituma. Neni ndakavapa kubwinya; kuti vave vamwe, sesu tiri vamwe;” (Johane 17. 21-22).*

Ngatitarirei zvakanaka mashoko aIshe. Mashoko awa anotaura pamusoro pekubatana kwavanhu vaMwari vaakasarudza kwechokwadi, uko kuchaonekwa nevari kunze kwekereke; kuchava uchapupu hunesimba hwevhangeri nerudo rwaKristu. Nerumwe rutivi hapagoni kuva nekuropafadzwa kwemweya neruponeso apo pane kupokana nekusabatana pakati pevatendi. Zvinhu zvakadai zvinoshoresa zita raMwari. Ngatirangarire kuti vasingatendi vano zviona, vozoshovora zita raJehova.

Saka Pauro akaraira vaEfeso achiti, *“mufambe zvakafanira kudanwa kwamakadanwa nako, nokuzvinipisa kose nounyoro, nomoyo murefu, muchiitirana moyo murefu murudo; muchishingaira kuchengeta vumwe hweMweya muchisungo cherugare. Kunomuviri mumwe, noMweya mumwe, sezvamakadanwa vo mutariro imwe yokudanwa kwenyu; Ishe mumwe, nokutenda kumwe, norubapatidzo rumwe, naMwari mumwe nababa vavose, uri pamusoro pavose, unobata navose uri mukati mavose.” (VaEfeso 4. 1-6)*

Muimbi wepisarema wakanyoravo pamusoro pekunaka neropafadzo inobva pakubatana kwavatendi. *“Tarirai, kunaka kwazvo nekufadza kwazvo kana hama dzichigara pamwe chete norugare. Zvakafanana namafuta akakosha ari pamusoro, Anoyerera pandebvu, Idzo ndebvu dza Aroni; Anoburukira kusvika pamipendero yenguvo dzake; Zvakafanana nedova reHermoni, Rinoburukira pamakomo eZioni; Nokuti ndipo Jehova paakaraira kuropafadza kwake, Ndiho vupenyu vusingaperi.” (Mapisarema 133)*

Magwaro awa anofanira kuva yambiro inobetsera avo vanogara vari mukupokana nevamwe vatendi. Pakati pemakristu echokwadi panofanira kuwanikwa kutenderana zvine unyoro kusiyana maonero edu. Hapafaniri kuwanikwa chikonzero chekushorana kana kutukana; zvakare hapafaniri kuwanikwa kugura ukama chiripo-ripo naavo vane maonero akasiyana nesu pane dzimwe nyaya dzisinei neruponeso. Ngatingwarirei hashha nekupesana

kunobva pakuzvida kwemunhu nekuda kweutadzi. Asi dai tafamba sevana vacheche mukuda kwedu Kristu nemirairo yake, tichitevera mashoko omuapostora Petro anoti; *“muve nomoyo mumwe mose, munzwirane ngoni, mude hama, muve nomoyo munyoro, muzvininipise; musingatsivi zvakaipia nezvakaipa kana kutuka nokutuka; asi muropafadze, nokuti ndizvo zvakadanirwa, kuti mugare nhaka yokuropafadza”*. (1 Petro 3. 8-9)

Kana vakabatana naJesu, vatendi vanoisa parutivi kusawirirana kwavo apo vanosangana. Nyasha dzerudo uye zvizereko zvakana zveMweya, zvinoyerera kubva kuna Kristu, zvinokunda kusiyana kose kunoonekwa kunze. Zvetsika nemagariro avanhu, nyika yako kana rudzi rwako zvinowira kure kana vatendi vezvokwadi vakabatanidzwa naKristu iye muzambiringa. Ndzivo muapostora Pauro anonyora pamusoro pemunhu mutsva ari munyasha achiti, *“unovandudzwa pakuziva, afanane nowakamusika; apo hapana muGiriki nomuJuda, kudzingiswa nokusadzingswa, mutorwa nomuSitia, musungwa nowakasununguka; asi Kristu ndiye zvose, vuye uri munavose. Naizvozvo, savasanangurwa vaMwari, vatsvene navanodikamwa, fukai moyo unetsitsi, nomoyo munyoro, nokusazvikudza, novunyoro, nomoyo murefu; muitirane moyo murefu, muchikanganwirana, kana munhu anemhosva nomumwe; Ishe sezvaakakukanganwirai, muite saizvozvo nemivo. Zvino pamusoro pezvinhu izvi zvose, fukai rudo, ndicho chisungo chinokwanisa. Norugare rwaKristu ngaruteme zvirevo mumoyo yenyu, ndirwo rwamakadanirwavo mumuviri mumwe; ivai nokuvonga. Shoko raKristu ngarigare mukati menyu riwande; nokuchenjera kose mudzidzisane, nokurairana namapisarema, nenziyo, nezviimbo zvomweya, muimbire Mwari nenyasha mumoyo mumoyo menyu;”* (VaKorose 3. 10-16)

Zvinorwadza ndezvekuti, chivi chichiripo kumumwe nemumwe wedu. Sokunyora komuapostora Johane, *“Kana tichiti, hatina zvivi, tinozvinyengera, zvokwadi haizi matiri.”* (1 Johane 1. 8) Kereke pano pasi izere nevataadzi. Kereke yakakwana isina chipomerwa iri kudenga, iyo Kereke yakakunda. Ngatirangarirei kuti vakristu havana kunzwisisa kwakafanana; vamwe vakapiwa chiedza chechokwadi chakawanda kudarika vamwe. Asi zvakadaro pane kubatana muna Jesu, zvisinei nekusiyana kwamasangano.

Asi, hatifaniri kutsvaka kubatana kana kuwadzana nekereke dzinoramba magwaro kana dzidziso dzekutenda. (VaRoma 16. 17-18, 2 Johane . 9-11) Avo vari mumubatanidzwa wamasangano pasi pose vanotsvaka kubatana kunovonekwa kwamasangano ose anoti anotenda munaJesu. Mukuedza kuita izvi vanoedza kubatanidza chokwadi nenhema, vachifunga kuti chokwadi chingangongofamba nokuzikanwa mumubatanidzwa uyu. Zvisinei ngatizivei kuti vatendi vechokwadi vakatobatanidzwa naMweya uye ndivamwechete

munaKristu pasina kushingaira kwavanhu kokuda kuvabatanidza.

Tisingapindi zvikuru mukusiyana kwamasangano ngatitarisei zvino nyaya dzinobatsira dziri maererano neKereke iwo muviri wavatendi.

### ***Makereke anorairwa zvinoenderana neShoko***

Kose kwaiparidza vaapostora uye kwaigamuchirwa evangeri, avo waitendeuka vaivumbwa kuita masangano ekereke. (**Mabasa Avapostora 14.21-23**) Zvino boka iri rinovonekwa ravatendi raifanira kunamata Mwari mumweya nemuzvokwadi, vachipupura kufa nekumuka kwa Ishe Jesu. Zvino izvi zvaifanirwa kuitwa nenzira yakadii?

Mwari ndiMwari ane kurongeka. Izvi zvinoonekwa pakusika, pamutemo mutsvene waMwari uye paurongwa hwaMwari maererano neruponeso muna Jesu Kristu. Davidi akataura pakuguma kweupenyu hwake, zvisinei nokutadza kwaakaita panyika pamwe nematambudziko aakasangana nawo, anoti Mwari vakaita sungano naye yekusingaperi “*Nokuti wakaita neni sungano isingaperi, Yakanatswa pazvinhu zvoise, yakasimba;*” (**2 Samuiri 23. 5**) Naizvozvo ndiko kuraira kwaMwari kuti makereke ave akasimba nokurongeka. Vamwe mukereke vanogadzwa kuti vave muutungamiri vamwe vave vashumiri, zvino vakadai vanofanira kukudzwa. Pauro akazoti kuvaKorose, “*kunyange ndisipo panyama, ndiripo nemwi pamweya, ndinofara ndichiona kunzwana kwenyu, nokusimba kokutenda kwenyu munaKristu*” (**VaKorose 2. 5**).

Sezvo Mweya Mutsvene asingadzidzisi zvinopesana namagwaro, zvinokosha kuti kereke irairwe zvinoenderana neshoko raMwari. Kurashika kukuru uye kubva pachokwadi kana kereke ikarairwa nedzidziso dzenyika kana nepfungwa dzechizvino-zvino. Zvinochemedzawo Mweya kana kurongwa nokurairwa kwekereke kukabva patsika dzesangano kana paukama netsika dzemhuri zvisinei nokuti dzidziso yekereke iyoyo yakanaka kana kukwana zvakadii.

### ***Rudo nekuwadzana munaJesu***

Tine mirairo miviri yakamiswa inokosha zvikuru mukereke inotevera kurairwa kwekereke mumagwaro. Iyi mirairo inowanikwa mumitemo mikuru iri mutestamende yakare yakataurwawo naIshe Jesu. “*Inzwai vaIsraeri, Ishe Mwari wedu, ndiye Ishe mumwe chete! Ida Ishe Mwari wako, nomoyo wako wose, nomweya wako wose, nokufunga kwako kose, nesimba rako rose. Wechipiri ndiwoyu: Ida wokwako sezvaunozvida iwe. Hakunomurairo*

*mukuru kuna iyeyo*". (Marko 12. 29-31)

Zvino kana tichikurudzirwa kuda vavakidzani vedu (izvi hazvirevi kutenderana navo pane zvavanoita kana zvavanotenda) ko zvino rudo pakati pavatendi runofanira kunge rwakakura zvakadii! Ndizvo muapstora Johane anonyora, "*Vadikanwa, ngatidane; nokutirudo runobva kunaMwari; mumwe nomumwe, unoda, wakaberekwa naMwari, unoziva Mwari. Usingadi, haazivi Mwari, noukti Mwari rudo. Rudo rwaMwari rwakaratidzwa kwatiri nechinhu ichi, kuti Mwari wakatuma Mwanakomana wake, wakaberekwa ari mumwe chete, munyika kuti tive noupenyu naye. Rudo ruri pachinhu ichi, kuti hatizi isu takada Mwari, asi kuti ndiye wakatida, akatuma Mwanakomana wake kuti ave rudzikinuro rwezvivi zvedu. Vadikanwa kana Mwari akatida saizvozvo, nesuvo tinofanira kudana. Hakuna munhu akambovona Mwari; kana tichidana, Mwari unogara matiri, norudo rwake runokwaniswa matiri. Ndizvo zvatinoziva nazvo kuti tinogara maari, naiye matiri, nokuti waktipa zvoMweya wake*". (1 Johane 4. 7-13) Dai tadzidziswa zvinhu izvi mumoyo yedu naMweya Mutsvene. Zvinoda kunamata kuti tisabatwa nemweya wokuzvida nechindini uyo unoshandiswa naSatani kudzvara kupesana nokurwisana mukereke.

Mukufambirana nerudo rwezvokwadi, chimwe chakanaka chenyasha mukereke yezvokwadi kuwadzana munaJesu. Izvi hazvirevi kungowirirana zvako kana ushamwari hwenyika. Vazhinji vanongozviti vatendi vanotadza kunzwisisa kuti kuwadzana kwechikristu kunobva pakama hwedu mumwe nemumwe naMwari. Muapostora Johane anotsanangura chokwadi ichi achiti, "*Mwari chiedza, hamuna rima maari. Kana tichiti, tinoyanana naye, tichifamba murima, tinoreva nhema, hatiiti zvokwadi; asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari pachiedza, tinoyanana isu; neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake rinotinatsa pazvivi zvole*". (1 Johane 1. 5-7) Kana pakava nekufamba naMwari murudo nekubatana naJesu mumweya, zvino panozova nekuwadzana kwechokwadi. Izvi zvinogona kunzwikwa kunyange pamakristu vasingambozivani munyama nokuti zvinenge zvichibva pakubatana kwavo pana Jesu iye muzambiringa.

Saka zvinhu zvakanaka kuti vatendi vasangane pamwe chete kuti vanyengetere nekunamata. Jesu wakataura chivimbiso chakanaka kwazvo achiti, "*apo pakavungana vaviri kana vatatu muzita rangu, ndiripo pakati pavo*". (Mateo 18. 20) Asi zvino kuna avo vari voga kana kuti avo vari mukutambudzwa nokuda kwekutenda kwavo munaJesu vasingakwanisi kuwadzana nevamwe tine muenzaniso wakanaka womuapostora Johane pachitsuwa chePatmosi apo paanga aiswa kuti ave oga nokuda kwevhangeri. Tinoverenga kuti Johane wakawana kuzarurirwa apo aiva "*muMweya nezuva raShe*" (Zvakazarurwa 1. 10). Ishe vane nyasha dzokushanyira avo vakaremerwa, vari voga uye

vakatsaurwa pakati pevamwe.

Asi zvino murairo waMwari kuti mukristu asangane pakunamata nevamwe vakristu vanobatirira padzidziso dzakamiswa dzekutenda. Muapostora Pauro akayambira vatendi vechiHeberu; “*Ngatichengete kwazvo kupupura kwetariro yedu, kuti irege kuzununguka; nokuti iye, wakapikira, wakatendeka; ngatirangarirane, timutsane moyo kuti tive norudo namabasa akanaka, tisarega kuvungana kwedu, sezvinoita vamwe, kuti tirairane; zvikuru zvamunovona kuti zuva rosweдера.*” (VaHeberu 10. 23-25)

Tinofanira zvakare kutarira tione kuti Ishe vakamisa tsika mbiri (masakramende) dzinofanira kutevedzwa nemakristu mukereke. Idzi tsika Rubhabhatidzo neChirairo chaShe, dzinopupura pachena kufa nokumuka kwaIshe Jesu. Maererano nerubhabhatidzo, muapostora Pauro wakanyora: “*Ko hamuzivi here kuti isu takabapatidzwa muna Kristu Jesu, takabapatidzwa murufu rwake? Naizvozvo pakubapatidzwa takavigwa pamwe chete naye murufu; kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwababa, saizvozvo nesuvo tifambe muupenyu hutsva. Nokuti kana takava vamwe naye pakufanana naye parufu rwake, tichadarovo pakumuka kwake; tichiziva izvi, kuti munhu wedu wekare wakaroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naye, kuti muviri wezvivi ushaiwe simba, tirege kuzova varanda vezvivi;*” (VaRoma 6. 3-6) Zvakare Pauro anonyora kuvaKorose; “*makavigwa pamwe chete naye pakubapatidzwa, pamakamutswavo pamwe chete naye nokutenda kwenyu simba raMwari wakamumutsa kuvakafa.*” (VaKorose 2. 12)

Maererano nechirairo chaShe tinoverenga kuti; “*Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupaivo, kuti Ishe Jesu novusiku hwaakapanndukirwa, wakatora chingwa; akati avonga, akachimedura, akati: ichi ndiwo muviri wangu unomedurirwa imi; itai izvi muchindirangarira. Saizvozvov, o vakati vapedza kuraira, akatora mukombe, akati: Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu; itai izvi, nguva dzose kana muchinwa muchindirangarira. Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe kusvikira achivuya.*” (1 VaKorinte 11. 23-26)

Ishe havana kungopa tsika idzi kuti dzisaitwa. Tinowana here mubhaibheri vakristu vechokwadi vanorairwa naMweya Mutsvene vanonzi vasaita izvi? Zvinorwadza kuti kuregwa kwerubhabhatidzo nechirairo chaShe namasangano mazhinji ekereke chiratidzo chokushaya kudzidziswa naMweya Mutsvene mumoyo yavatendi. Shoko raMwari riri pachena: “*Kana muchindida, muchachengeta mirairo yangu.*” (Johane 14. 15)

***Kuparidzwa kweVhangeri***

Kana tine rudo rwechokwadi kuna Mwari noruzivo rweruponeso, zvino tinofaniravo kuva nechido pamoyo yedu kuti vamwe vanzwe vhangeri nokutenda kwairi. Izvi zvinofanira kuti tiwanikwe tichizvinamatira uye tichiparidza vhangeri sedungamunhu uye sekereke. Umwe angabvunza kuti; Ko haazi Mwari here unoponesa vanhu vake vaasarudza netsitsi dzake? Zvingaitwa here nemunhu iye ari mutadziwo?

Ichokwadi kuti ruponeso nderwa Mwari, kwete munhu. Jesu akati, “Zvose baba zvavanondipa zvichavuya kwandiri; nounouya kwandiri, handingatongomurashiri kunze ... Hakunomunhu ungavuya kwandiri, kana baba, vakandituma, vasingamukwevi; neni ndichamumutsa nezuva rokupedzisira” (**Johane 6. 37 ne 44**) Chokwadi chero zviru mukuronga kwaMwari kuti “navose vakanga vatarirwa vupenyu husingaperi vakatenda.” (**Mabasa Avapostori 13. 48**) kurongavo kwake kuti vatadzi vaponese kupfuurikidza nokuparidzwa kwevhangeri.

Naizvozvo Jesu akapa basa guru rokuparidza kuvadzidzi. “Endai munyika yose, muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri.” (**Marko 16. 15**) “kuti marudzi ose aparidzirwe nezita rake kutendeuka nokukanganwirwa zvivi, vachitanga paJerusarema.” (**Ruka 24. 47**) Muapostora Pauro wakarairavo Timotio; “Izvo zvawakanzwa kwandiri pamberi pezvapupu zvizhinji, uzvipe vanhu vakatendeka vanogonavo kudzidzisa vamwe.” (**2 Timotio 2. 2**) Iri gwaro murairo kukereke zienda nakuenda, kurwisa kuparidza evhangeri nedzidziso yakarurama.

Ngatijekesei apa: hapana kupokana pakati penyaya yekuparidzwa kwevhangeri yaJesu Kristu nedzidziso yekusarudzwa, iyo inodzidzisa kuti vanhu vanoponeswa ndevaya vakasarudzwa naMwari. Zvino kudzidzisa kwesimba raMwari muruponeso tingati here kwakanetsa Petro kana Pauro mukushumira kwavo? Mhinduro apa ndikwete! Sezvatambotaura, Ishe Jesu vakadzidzisa nyaya yekusarudzwa iyi pachena.; zvino pangaita here umwe mukristu ungati iye waikanganisa kuita izvozvo? Zvino hativerengi zvesimba raMwari mukusarudza iri iyo dzidziso yoga iri mubhaibheri; uye haisi iyo yoga nyaya yaiparidzwa nava apostora kana yakanyorwa mutsamba dzavo. Nyaya idzi dzine kuringana kwadzo mumagwaro.

Harisi basa remushumiri kuziva kuti ndiani musangano rake achanzwa shoko rechokwadi zvekusvika pakuponeswa kwemweya wake. Vashumiri vanongorairwa kuti “paridza shoko; ramba uchidaro nenguva yakafanira, kunyange isakafanira;” (**2 Timotio 4. 2**) Pane kukurudzira uku kuna avo vanodzvara mhonzi yevhangeri, kunyangwe papurupeti, vanopupura kumunhu umwe neumwe kana vanopa mabhuku uye zvimwe zvinyorwa

zvakanaka zveshoko raMwari. “Unogara achicherekedza mhopo haangakushi; vuye unotarira makore, haangacheiki. Sezvausingazivi mufambire wemhopo, kana mukurire wamafupa mudumbu romukadzi unemimba, saizvozvovo hauzivi basa raMwari, unoitwa zvole. Kusha mbeu dzako mangwanani, usabvisa ruoko rwako madekwana; nokuti hauzivi kuti chichakura ndechipi, kana ichi kana icho, kana zvimwe zviviri zvole zvichafanana pakunaka.” (Muparidzi 11. 4-6)

Kana tichitarira zvakanaka nekutenda zvesimba raMwari nekushanda kwake, mushumiri anoparidza vhangeri kana mukristu anopupura nezvaJesu vanoziwa kuti zvinobuda pazviri zvinobva kunaMwari, saka vanofanira kuvimba naye pana zvole. Chinyaradzo chikuru kuti ruponeso harubvi pakufunga kwemoyo yavo ine zvivi kana kuti pamabasa avo. Ishe ndivo vanofanira kuwana mbiri nokubwinya pakuponeswa kwevanhu, zvino nokutenda vanogutsikana kuti zvinofanira kunge zvakadaro. Asi nekuda kwerudo rwavo kunaShe, vanongwarira kutevera murairo wake kuti vave zvapupu zvakatendeka zveruponeso rukuru urwu. Kunyange zvakanyorwa kuti Pauro wakadziviswa “noMweya Mutsvene kuparidza shoko paAsia” uye kunyange kuenda kuBitinia (Mabasa avaApostora 16. 6-7), imhaka yekuti Ishe vakanga varonga nyenya dzavo kuti ushumiri hwake hubudirire kwazvo kuMakedonia. Pachinhambo chekuti ahandisa kurambidzwa uku kuva mukushumira neusimbe, kwaiva chikamu chekutungamira kwaMwari kuti anoshanda kunzvimbo iyo vhangeri yaizobudirira.

Simba raMwari nekushanda kwake muruponeso kunobvisa pfungwa yekuti rudzikinuro runobva pamabasa akanaka anoitwa nemutadzi. Kubata kwaMwari uku kunopupura zvinopesana nepfungwa yekuti ruponeso runobva pamushumiri uyu kana kuti sangano iro. Masangano mazhinji akakundikana panyaya iyoyi. Ngatirangarirei ngauva dzose kuti mushumiri unofanira kukudzwa nekuremekedzwa asi haafaniri kuiswa panzvimbo yaMwari ( 2 VaTesaronika 2. 1-4)

### *Nhau dzakanaka dzeVhangeri*

Nguva dzose dzinoparidzwa vhangeri zvakavimbika, pano wanikwa kuparidzwa kwe nhau dzakanaka kana kuti nhau dzemufaro, ndizvo zvinoreva shoko rekuti vhangeri. Nyaya yevhangeri huru kudzikinurwa kubva mumhosva nekuhasha dzaMwari nekuda kwezvivi zvedu kupfuurikidza nekutendeuka nekutenda muna Jesu Kristu. Izvi zvinopa mufaro kunani nani atenda nokutsvaka ruregerero rwezvivi. Asi kuna avo vasingatendi, avo vanoda kuchengeta kururama kwavo kwavanzvipa, vhangeri chigumbuso.

**(vaRoma 9. 30-33; 1 Petro 2. 8)** Kwaivawo naavo pakati pavadzidzi vaJesu vakagumburwa nekudzidzisa kwake vakati, “*Iri shoko igukutu; ndianiko ungarinzwa.*” (Johane 6. 60) Kana vanhu vakagumburwa nemashoko aIshe, zvino varanda vake havazowani here kuti vazhinji nhasi vanogumburwa nekuparidzwa kwevhangeri?

Ngatizive kwazvo kuti kuparidza Jesu, chikamu chinokosha zvikuru chevhangeri. Pauro wakanyora kuvaKorinte, “*Nokuti ndakati, handingazivi chinhu pakati penyu, asi Jesu Kristu, iye wakaroverwa pamuchinjikwa*” **(1 VaKorinte 2. 2)** Zvaiti apo panoparidzwa Jesu, makomborero eruponeso aiwonekwa nesimba. Naizvozvo Pauro akazoti kuvaRoma, “*Nokuti handinyari pamusoro pevhangeri; nokuti isimba raMwari rokuponesa mumwe nemumwe unotenda, kutanga muJuda vuye muGiriki vo. Nokuti mairi kururama kwaMwari kunoratidzwa kunobva pakutenda kuchienda kukutenda; Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Wakarurama uchararama nekutenda.*” **(VaRoma 1. 16-17)**

Saka ngatizvinzverei. Jesu Kristu ari kuparidzwa here pakati pedu, kana kuti mharidzo huru muushumiri hwedu ndeimwewo dzidziso. Hongu, panofanira kuva nekurairwa padzidziso dzakaita semitemo inegumi, kusagona kwemunhu kuzviponesa, kurongeka muhechi, Kutonga nesimba raMwari, zverudo pakati pavatendi nezvimwe. Asi kana izvi zvisingatungamiri vanhu kunaJesu, ushumiri neuchapupu hwechechi hunenge husina upenyu nesimba remweya. Tinogutsikana here kunzwa mharidzo dzisingatauri zita raJesu? Kana zvirizvo tabva pana Kristu zvirokwazvo.

Vashumiri vanoshandiswa naMwari mukuponeswa kwavatatadzi nekunyaradza vatendi, ndevaya vanosimudzira Ishe Jesu vachiratidza naMweya simba nekunaka kwake. Sokunyora kwaPauro kuvaKorinte; “*Nokuti Mwanakomana waMwari, Jesu Kristu, uyo wakaparidzwa pakati penyu nesu .... wakanga asiri hongu nakwete, asi wakanga ari hongo maari. Nokuti zvipikirwa zvaMwari, kunyange zviri zvizhinji sei, maari ndihongo; naizvozvo naiyevo ndiAmeni, kuti Mwari akudzwe nesu*” **(2 VaKorinte 1. 19-20)** Pasina Jesu Kristu, hapana mufaro nerugare pakutenda.

Zvino dai tayambirwa kuti hushumiri hwevhangeri, hunganzi hushumiri hwekungoedzawo (experimental ministry) hahusi pakungoparidza zvawakasangana nazvo nezvaunoziva chete. Panofanira kuva nezvinhu zvitatu zvinovaka ushumiri, sekudzidzisa kwaPauro mutsamba dzake. Zvitatu izvi idzidziso, zvawakasangana nazvo uye zvaunoziva kozoti zvaunorarama. Pasina hwaro hwedzidziso yechokwadi nekurairwa namagwaro, chero maitiro api aitwa anogona kunzi kubata kwaMweya Mutsvene, tinogona kuwira



mukunyengedzwa nasatani nemoyo yedu inoda zvivi. Pauro wakanyora kunaTimotio kuti, *“kubvira paucheche hwako wakaziva magwaro matsvene anogona kukupa vuchenjeri hunoisa kukuponeswa nokutenda kuri muna Kristu Jesu. Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama, kuti munhu awMwari akwane, agadzirirwa kwazvo mabasa ose akanaka”*. Asi zvino kana ushumiri huchingoshumira kupfungwa noruzivo, hunenge hwakafa; panofanira kunzwikwa simba revhangeri. Naizvozvo, Pauro akanyora; *“neshoko rangu rokuparidza kwangu hazvizaiva namashoko okugombedzera ovuchenjeri; asi nokuratidza koMweya nokwesimba; kuti kutenda kwenyu kurege kuva muuchenjeri hwavanhu, asi musimba raMwari.”* **(1 VaKorinte 2. 4-5)**

Saka kana pasina kurarama shoko raMwari, tinenge tichingova vanyengeri chete. Zvisinei nekuti tine ruzivo rwechokwadi uye zvisinei tine ruzivo rwakadii rwezvinhu zvemweya, kutenda kwedu kwakafa kana kusingafambidzani nekurarama zviri maringe nemirairo yaIshe Jesu. *“Nokuti somuviri usina mweya wakafa, saizvozvo kutenda kusina mabasa kwakafa”*. **(Jakobo 2. 26)** Dai tatsvaka nyasha mukunamata kuti tizive kuenzanisa zvakanaka nemagwaro nyaya yedzidziso, yezvatinoziva uye zvatinoarama.

### ***Mwenga waKristu***

Apo tava kupeta chitsauko chino, ngatirangarirei kuti Kereke yakadzikinurwa ndiye mwenga waIshe Jesu Kristu uyo wakamutswa kuvakafa. Muapostora Pauro unoisa izvi pachena achipa muenzaniso wewanano yapano pasi *“Nokuti mukadzi, une murume wakasungwa nomurairo kumurume wake, iye achiri mupenyu; asi kana murume afa, wasunungurwa pamurairo womurume. Naizvozvo zvino kana akawanikwa nemumwe murume, murume wake achiri mupenyu, uchanzi chifeve asi kana murume wake afa, wasununguka pamurairo, zvino haazi chifeve kunyangwe akawanikwa nomumwe murume. Saka, hama dzangu nemiwo makaitwa vakafa kumurairo nomuviri waKristu; kuti muve womumwe, iye wakamutswa pavakafa, kuti tiberekere Mwari zvibereko. Nokuti panguva iyo tichiri munyama, kuchiva kwezvivi, kwakamutswa nomurairo, kwakabata mumitezo yedu kuti kubereke zvibereko zvinoisa kurufu. Asi zvino takasunungurwa pamurairo, takafa kuna izvozvo zvatakanga takasungwa nazvo; naizvozvo tinobatarirwa Mwari nomweya mutsva, tisingabatirinezvakanorwa zvakare. Zvino tichatiyiko? Murairo zvivi here? Haisva! Asi handizaiziva zvivi kana murairo usaivapo nokuti handizaiziva kuchiva, kana murairo usina kuti: Usachiva.* **(VaRoma 7. 2-6)**

**CHITSAUKO 5**

**KUGUTSIKANAMUKATI MEKUEDZWA**

***Nzira dzaMwari dzakakwana***

Tabva mukutarisa kuwadzana kwavatendi muna Ishe Jesu uye kubatana pamweya kwehama munaShe. Asi zvino kuwadzana uku kune chimwe chiri mberi chinotaurwa nomuapostora Pauro. *“Hon’o, zvirokwasvo, ndinototi zvinhu zvose kurashikirwa hako nekuda kwokunaka kwokuziva Kristu Jesu, Ishe wangu, wandakarashikirwa nezvinhu zvose nokuda kwake, ndikazviidza marara, kuti ndiwane Kristu; ndiwanikwe maari, ndisina kururama kwangu kuri kwomurairo, asi kuri kokutenda kunaKristu, ndiko kururama kunobva kunaMwari nenzira yokutenda; Kuti ndimuzive iye, nesimba rokumuka kwake, nokusongana naye pamadambudziko ake, ndifanane naye pakufa kwake” (VaFiripi 3. 8-10)*

Apa rugwaro runotaura zvinhu zviviri zvakasiyana kwazvo. Chekutanga tinooona kutambudzika nekurashikirwa pamwe nekuedzwa kukuru. Chepiri tinoooneswa kubwinya kwekuziva Jesu Kristu uye kugutsikana kweruponeso. Mukristu unodamwa uye kukurudzirwa kuti afambe munzira yezviviri izvi zvose. Zvino iyi nzira chinhu chakavanzika kuna avo vasina kudzidziswa naMweya Mutsvene. Zvinhu zvakajairika kunzwa avo vasina ruzivo rwaJesu Kristu mumoyo, vachiti handitendi kuti Mwari ungatendera matambudziko, kurwadziwa kana kufa kwemunhu zvisina tarisiro. Mwari uri mundangariro dzavo ndeuya unotendera munhu wose kunakirwa zvakafanana nezvinhu zveupenyu huno. Kunyangwe vanhu vaMwari vanobatwawo nepfungwa iyoyi. Zvisinei chokwadi chaMwari hachizungunuswi.

Ngatitsvakisisei zvino kutarisa kubata kwaMwari nevanhu vake vaanoda. Mwari ngavaratidze pachena rudo rwavo nokubata kwavo kwesimba zvikuru kuna avo vanonzwa kuti vava kunyudzwa nekurema kwemuedzo pamusoro pemumwe muedzo. Ngatinamatei zvakadzama kuti Mweya Mutsvene vatipe kutenda nekunzvera sokwaDavidi. *“Muchaponesa vanhu vanotambudzika, Asi meso enyu anvona vano zvikudza kuti muvaderedze. Nokuti muri mwenje wangu, Jehova; Jehova uchavhenekera rima rangu. Nokuti nemi ndichavamba hondo, Kana ndinaMwari wangu ndichadarika rusvingo. Kana ari Mwari, nzira yake yakarurama kwazvo; Shoko raJehova rakaidzwa; ndiye nhovo yavose*

## ***Kugutsikana mukati mekuedzwa***

*vanotenda kwaari. Nokuti ndianiko Mwari, asi iye Jehova? Ndianiko dombo, asi asi iye Mwari wedu? Mwari ndiye nhare yangu inesimba; iye unondifambisa nenzira yakarurama.” (2 Samueri 22. 28-33)*

### ***Chibereko chezvivi***

Pane umbowo hwakawanda pakurarama kwedu hunotiratidza kuti kutambudzika, kuomerwa uye kuedzwa zvinowira vose varume nevakadzi. Sekutaura kweBhaibheri, “*Asi munhu unoberekerwa nhamo, sebari-bari dzomoto dzinokwira kumusoro.” (Jobo 5. 7)* Zvino ngatitsvakei kuti sei zvakadaro. Uyu mubvunzo unogara uchibvunzwa asi usingawani mhinduro inogutsa. Zvinorwadza ndezvekuti vanhu vazhinji havatsvaki mhinduro kunaMwari nekutenda asi vanotsvaka tsananguro nekunzwisisa kusina maturo kwavanhu vakangoita saivo.

Mhinduro yeshoko raMwari inowanikwa murungano rwekutadza nekuwa kwemunhu, apo Adamu naEva vakatadza mumunda weEdeni. Mushure mekunge nyoka (kana Diaborosi) yatukwa naMwari pamusoro peunyengeri hwayo, tinoverenga kuti Mwari wakataura naEva mashoko awa. “*Ndichawanza zvikuru kurwadziwa kwako nekutora mimba kwako; uchabereka vana uchirwadziwa; kuda kwako kuchava kumurume wako, iye uchava ishe wako. Kumunhu akati: Zwawakaterera inzwi romukadzi wako, ukadya muti wandakakuraira ndichiti: usaudya, zvino nyika yatukwa nemhosva yako; uchadya zvibereko zvayo nekutambudzika mazuva ose ovupenyu bgako; ichakuberekera minzwa novutumbambeva; iwe uchadya mirivo yomusango; uchadya zvokudya zvako neziya rechiso chako kusvikira uchidzokera kuvhu; nokuti wakatorwa kwariri. Zvauri guruva uchadzokera zve kuguruva” (Genesi 3. 16-19.)*

Havasi Adamu naEva bedzi vakaparadzwa nekuda kwekuwa uku asi rudzi rwose rwavanhu. “*Saka zsvivi sezvazvakapinda munyika nomunhu mumwe, norufu rukapinda nezvivi; saizvozvovo rufu rwakasvika kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza; (VaRoma 5. 12)* Naizvozvovo upenyu huno huzere kuidzwa, kushungurudzwa uye kukanganisirwa. Munyori muTestamente yakare anotsanangura achiti, “*Ndakavona mabasa ose anoitwa pasi pezuva; tarira zvose hazvina maturo, ndiko kudzingana nemhepo bedzi. Chakakombama hachibviri kururamisa; chinoshaikwa*

*hachibviri kuverengwa.” (Muparidzi 1. 14-15) Mudzi wekushungurudzika, werufu nekutambudzika ndicho chivi. Dai tavona kuti hazviziri zvivi zvavamwe bedzi zvaunza dambudziko iri asi zvivi zveduwo.*

### ***Ruoko rwaShe rwokuranga***

Zvino pane kumwe kuedzwa kwakadzika kunosangana nemukristu. Uku kutambudzika kwemoyo, ichi chinhu chisingazikamwi nevasingatendi. Apa tinoreva kuedzwa kuri mukati memoyo neuremu hwezvivi, apo mutadzi anonzwa hutsvene hwaMwari nekutsamwa kwavo kunorwa nezvivi. Izvi hazvingonzwikwi bedzi apo Ishe vanotizivisa zvivi zviri mumoyo, asi nguva nenguva mukristu anonzwa kurema nekutambudzika kwemoyo maererano nezvivi. Izvi zvinonyanya kunzwikwa matiri apo tinowira mumhosho, Mweya Mutsvene vobva varwadziwa.

Tinoverenga pamusoro paPetro, apo paaiva aramba Ishe Jesu, akapinda mukurwadziwa nekutambudzika kwakadzika mumoyo make **(Ruka 22. 56-62)** NaDavidiwo akapinda pakadzika apo muporofita Natani akamuratidza pachena chivi chake choupombwe nehumhondi nekuda kwaBatisheba. **(2 Samuiri 11 na12)** Zvino Davidi unodudza achitendeuka, *“Ndakakutadzirai imwi, iyemi moga, Ndakaita chinhu chakaipa pamberi penyuru;... Ndinatsei nehisopi, ndive wakanaka, Ndishambidzei, ndichene kupfuura mazaya echando. Ndinzwisei mufaro ndive nomoyo muchena; kuti mafupa amakavhuna afare. Vanzirai zvivi zvangu chiso chenyu, Dzimai zvakaipa zvangu zvose. Sikai mukati mangu moyo wakachena Mwari; Vandudzai mukati mangu mweya wakarurama. Regai kundirasha pamberi penyuru; Musabvisa mweya wenyu mutsvene kwandiri. Dzoserai zve kwandiri mufaro wokuponesa kwenyu; Nditsigirei nomweya unoda”.* **(Mapisarema 51. 4, 7-12)** Kunyangwe Jehova nenyasha dzavo vakaregerera Davidi, ivo Jehova vakapinza Davidi mukuedzwa kwakadzika zvose mumhuri yake nemuumambo hwake upenyu hwake hose. Davidi wakafamba munzira yokurwadziwa kwakadzika komoyo, zvino izvi zvakanyorwa mubhaibheri kupa rairo kwatiri.

Zvino dai taona kuti haazi Davidi bedzi, asi vanhu vose vaMwari, vanofanira “kupinda vushe hwaMwari namadambudziko mazhinji” **(Mabasa avaApostora 14. 22)** Vamwe vakasarudzwa kufamba mukuedzwa kwakadzika kudarika vamwe; zvakadaro Mwari vanoda kuti umwe neumwe wevanhu vavo adzidze kuipa kwemabasa echivi, kuti tisazvikudza kana

kuzvisimudzira. Saka tinokurudzirwa zuva nezuva kutsvaka nyasha netsitsi munaJesu Kristu. Kunyangwe Ishe vakaisa zvivi zvose zvavanhu vavo kure, vanoda kuti vanhuvarangarire muupenyu huno kushata nekunyangadza kwechivi, kuti nguva dzose vatizire kuna iye Jesu. Ishe mukuronga kwavo kunogara nekusingaperi vanoshanda saizvozvo kutidzidzisa kuzvideredza uye vanochengetedza vanhu vavo munzira dzekururama kuti vawane ruponeso. Muapostora Paulo akanyora kuti, “..sezvamunosongana *ņęsu pamadamudziko, saizvozvovo pakunyaradzwa. ... Asi pamoyo pedu isu takanga tatzvitongera rufu, kuti tirege kuvimba nesimba redu asi naMwari unomutsa vakafa;*” (2 VaKorinte 1. 7, 9) Kazhinji tinotadza kuona kuti takadzikinurwa kubva pane zvakadii nenzira yekuninipisa yaIshe.

Dai tawana kukurudzirwa nomunyorori wepisarema, uyo wakapinda mumuedzo wokuchiva mapenzi apo akaona kubudirira kwevasakarurama. Vairatidzika kwaari sevanhu vasina kana dambudziko rine vamwe. Asi munyororiyu wakati achipinda munzvimbo tsvene yaMwari ipapo wakanzwisisa mugumo wevasakarurama. “*Zvirokwazvo munovaisa panotedza; Munovawisira pasi kuti vaparadzwe. Haiwa vanoparadzwa kamwe-kamwe! Vanopedzwa chose nezvinotyisa. Sezvakarotwa, kana munhu apepuka; Saizvozvo, Ishe, muchashovora mufananidzo wavo, kana muchimuka. Nokuti moyo wangu wakachema, ndakabaiwa paitsvo dzangu. Ndakanga ndiri benzi, ndisingazivi chinhu; Ndakanga ndakafanana nemhuka pamberi penyu. Kunyange zvakadaro ndinoramba ndinemi; Makabata ruoko rwangu rwerudyi. Muchandiperekedza nezano renyu, Ndokuzondigamuchira p a k u b w i n y a . N d i a n i k o k u d e n g a k a n a m u s i ' m i ? Napasi hapana wandinoda kunze kwenyu. Nyama yangu nomoyo wangu zvinopera; Asi Mwari ndiye dombo romoyo wangu nomugove wangu nokusingaperi. Nokuti tarirai, vari kure nemi vachapera; Makaparadza vose vakakusiyai noupombwe hwavo. Kana ndirini, kuswederwa pedyo naMwari ndizvo zvinondifadza; Ishe Mwari ndakamuita nhare yangu, Kuti ndiparidze mabasa enyu ose.*” (Mapisarema 73. 18-28)

Jeremia wakapinzwa mukuedzwa nekurwadziwa kwakadzika kwazvo mumoyo make, apo akaona kuparadzwa kweJerusarema nokuda kwezvivi zvavana vaIsraeri. Asi akagona kuti. “*Nokuda kwovunyorori hwaJehova tigere kupedzwa, nokuti tsitsi dzake hadziperi. Mangwanani ose zvava zvitsva; kutendeka kwenyu kukuru. Jehova ndiwo mugove wangu - ndizvo zvinotaura mweya wangu; naizvozvo ndichavimba naye. Jehova noitira zvakanaka vanomumirira, naiwo mweya unomutsvaka. Zvakanaka kuti*

## *Kugutsikana mukati mekuedzwa*

*munhu avimbe naJehova, amirire ruponeso rwaJehova anyerere, Nokuti kunyange akachemedza, uchanzwira tsitsi nokuwanda kwengoni dzake”. (Mariro aJeremia 3. 22-26, 32)*

Ishe vanonatsa nekushandura madambudziko kuti aburitse rubatsiro kumukristu. Ruoko rwake rworudo asi rune kuranga mukati runotisviitsa panzira idzi. Uyu mukana unongomisirwa vana vaMwari bedzi. Ngatitarise nekutenda tisingakangamwi “*kuraira kunotaura kwamuri sokuvanakomana, kuchiti: Mwanakomana wangu, usazvidza kuranga kwaShe, Usapera moyo kana uchirairwa naye; Nokuti waanoda Ishe unomuranga, Unorova zvikuru mwanakomana mumwe nomumwe waanogamuchira” (VaHeberu 12. 5-6)*

### *Kuwadzana naKristu mumadumbudzo ake*

Tabva mukutarira nzira yamadambudziko anowira makristu, inoshandiswa naShe kutiranga nekuda kwezvivi zvedu. Zvino tingawadzana sei naKristu mumadambudzo ake, iye aiva asina zvivi asi isu tiri vatadzi kudai? Mhinduro inowanikwa mumashoko aPauro: Nokuti Mwari Baba vakaita Jesu “*kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari” (2 VaKorinte 5. 21)* Ishe Jesu havana kutambudzika nekuda kwezvivi zvavo pachavo asi nekuda kwezvivi zvedu zvakaiswa pavari. Muporofita unonyora izvi pamusoro paIshe Jesu: “*Zvirokwazvo, wakatakura matenda edu, nokusimudza kurwadziwa kwedu; asi isu takati wakatambudzwa, wakarobwa naMwari nokumanikidzwa. Asi wakakuvadzwa nokuda kokudarika kwedu, wakarwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu; kurobwa kwakatavigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake, takaporeswa namavanga ake. Isu tose takanga takarashika samakwai, takatsauka mumwe nemumwe nenzira yake; asi Jehova wakaisa pamusoro pake kuipa kwedu tose. (Isaya 53. 4-6)*

Ishe Jesu akatambudzika zvakanyanya pamuviri wake nokuda kweutsinye hwemasoja echiRoma, asi hatina kunzwa kana inzwi rimwe rekunyuyuyuta kubva kwaari. Hativerengi Ishe Jesu achichema nokuda kokutukwa kana kurobwa nokushungurudzwa kwose kwaakasangana nako pamuchinjikwa. Wakazadzisa mashoko omuporofita Isaya, “*Wakamanikidzwa, kunyange zvakadaro wakazvininipisa, akasashamisa muromo wake akapa mweya wake kunaMwari” (Isaiah 53. 7)* Asi Jesu asati “*Akotamisa musoro wake akapa Mwari mweya wake” (Johane 19. 30)* akachema mukurwadziwa kwakadzika ari pamuchinjikwa mashoko **aMapisarema 22:** “*Mwari wangu, Mwari wangu mandisiyireiko?”*

**(Mateo 27. 46).** Izvi zvinotionesa kudzika kwemarwadzo nekutambudzika kwomoyo wake kwaidarika kurwadziwa kwake pamuviri; “*nokuti wakadurura mweya (moyo) wake pakufa*” **(Isaya 53. 12)** Izvi zvakaitwa kuponesa moyo yavanhu vake yakasvibiswa nezvivi, kuti vadzikunurwe kubva kumadambudziko ose emoyo kuti pakupedzisira vagare naye mukubwinya.

Zvino tine kuwadzana naye kwechokwadi mumatambudziko ake, kana tichisvika nokutenda apa, “*vachanditarira ini, wavakabvovora*” **(Johane 19. 37, Zekaria 12. 10)**, tichisvika pakuona kuti kutambudzika kwaIshe kwaiva pamusana pezvivi zvedu. Izvi zvinowunza kuchema nokutendevuka kwezvokwadi. Zvino kazhinji makristu anodemba nekunyunyuta kana vapinda mumiedzo, dzimwe nguva vanodemba izvo zvinenge, zvavawira asi pavanotarira nekutenda kunaIshe Jesu, vanoona kuti iye wakapinda mune zvakdzika kodarika zvavo. Wasiwa neshamwari here? Ishe Jesu vakasiwa nekurambwa nevadzidzi vavo vepedyo-pedyo. Wapinda mumuedzo mukuru here? Ishe Jesu, “*wakaidzwa pazvinhu zvose sesu asine zvivi*” **(VaHeberu 4. 15)** Zvino wakaita izvi zvose kuti vanhu vake vaanoda vadzikinurwe nekusunungurwa kuna zvose zvinovamanikidza. Saka zvino “*ngatiswederei tisingatyi kuchigaro kuchigaro chovushe chenyasha kuti tinzwirwe ngoni, tiwane nyasha, tibatsirwe nenguva yakafanira*” **(VaHeberu 4.16)** Saka zvino mukristu anogona kutaura pamwe nomuapostora Pauro kuti, “*Nokuti kutambudzika kwedu, kwakareruka kuripo chinguva chiduku, kunotiitira kubwinya kukuru kwakaisvonaka kusingaperi*” **(2 VaKorinte 4. 17)**

Kana kuedzwa kwedu kose kwaisa apo, asi Mweya Mutsvene achitiratidza nekutinzwisa kunaka kweruponeso ipapo panozova nekufara uye rugare “*runopfuura kunzwisisa kose*” **(VaFiripi 4. 7)** Tinozonzwisisa kuti Jakobo wairevei paakati, “*hama dzangu, muti mufarao bedzi kana muchiwira mumiedzo mizhinji; ; muchiziva kuti kuidzwa kokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira.*” **(Jakobo 1. 2-3)** Mukati mezvinhu zvinotyisa zvaizowira vana vaIsraeri nokuda kwezvivi zvavo, muporofita Habakuki anowanikwa achiti, “*Kunyange zvakadaro, ndichafara kwazvo MunaJehova, Ndichava nomufaro munaMwari woruponeso rwangu*” **(Habakuki 3. 18)**. Dai tava somuporofita uyu pakutsvaka nyasha uyewo dai tatevera kukurudzira kunopiwa nomuapostora Pauro, “*Farai munaShe nguva dzose; ndinopamhidzazve: Farai*” **(VaFiripi 4. 4)**

## *Kugutsikana mukati mekuedzwa*

Zvino kubva pakukunda kwaIshe Jesu Kristu pamusoro pezvivi, uye pamusoro penyika namasimba ose ezvakaipa tinowana maropafadzo awa. Sokutaura kwaIshe kuvadzidzi vake usiku hwaakapandukirwa: *“Ndakareva izvozvi kwamuri, kuti muve norugare mandiri. Panyika munotambudzika asi tsungai moyo nokuti ndakakunda nyika”* (**Johane 16. 33**) Izvi zvinowonekwavo pakunyora komuapostora Johane mutsamba yake, *“Nokuti chinhu chipi nechipi, chinoberekwa naMwari chinokunda nyika; kukunda kwakakunda nyika, ndiko kutenda kwedu. Ndianiko unokunda nyika? Haazi iye unotenda kuti Jesu ndiye mwanakomana waMwari here?”* (**1 Johane 5. 4-5**)

Zvino nekutenda mukristu anosvika pakutarira madambudziko nenzira yakasiyana kuno uyo asingatendi. Mukristu anosvika pakuvimba naMwari zvine kugutsikana, achifamba mukukurudzira kwaPetro. *“Vadikani musashamiswa nokunyanyisa kokuidzwa pakati penyu, kwakavuya kukuidzai, muchiti mawirwa nechisingazikanwi; asi farai zvamunogovana naKristu pakutambudzika kwake, kuti pakuvonekwa kokubwinya kwake mufarevo nomufaro mukuru”* (**1 Petro 4. 12-13**)

### *Kurashika kubva pachokwadi*

Panguva ino tinoda kuti uone kuti nyaya yekugutsikana yatiri kutaura iyi, inyaya isinganzwisiswi nguva zhinji. Yambiro inodiwa zvikuru panyaya iyi. Pane nzira mbiri dzekuenda kumacheto aya kana ayo dzinofanira kungwarirwa nemukristu. Ngatitangei kutarira vaya vanorashika nokubatirira pakugutsikana kweruponeso kwavasina ruzivo rwakanyanya nezvako.

Vamwe vanoti kubva panguva yavakatanga kutenda, vanga vatova nekugutsikana vasina kunetseka nekunyunyuta, kutya kana kusatenda. Zvisinei, kusununguka kwakadaro kubva pamichero yezvivi kunongowanikwa kukereke yakakunda iri kudenga, iyo iri nekusingaperi pamberi paMwari nepamberi peGwaiana, Ishe Jesu Kristu. Nekuti hapana mukristu angati zvirokwasvo handina chivi (**1 Johane 1. 8**), zvino kungava kuzvinyengedza kuva nekugutsikana kwakadaro.

Iyi mhosho inobva pakutenda kwakareruka kusina hwaro mushoko raMwari; ichi chinhu chinorwadza chinoonekwa pamasangano mazhinji avatendi. Chinhu chinotyisa kuona kuti avo vanotsidza kuti vane chokwadi.



## *Kugutsikana mukati mekuedzwa*

cheruponeso, havana ruzivo nezveupi hwechivi uye nezve utsvene hwaMwari. Vazhinji vaivava vakafanana nembeu “dzakawira parukangarabwe, Padzakanga dzisinevhu zhinji; dzikamera pakarepo, nokuti dzakanga dzisinevhu rakadzika; asi zuva rakati rabuda, dzikapiswa; dzikawoma, nokuti dzakanga dzisinomudzi”. (Marko 4. 5-6) Ishe Jesu vakazotsanangura kuti ava vakamirira vaya vanoti “kana vanzwa shoko rakakushwa, vanorigamuchira pakarepo nomufaro, asi havanomudzi mavari; asi ndivo vechingwa chiduku; pashure kana kutambudzika nokuvengwa zvichiuya nokuda kweshoko, pakarepo vanogumburwa” (Marko 4. 16-17).

Vamwe, kunze kokunge Jehova netsitsi dzake abvisa upofu mumaziso avo, vanorambira mumunyorododo wehunyanzvi vachifarira chitendero chakareruka kusvikira vanomira pachigaro chaMwari chekutonga. Zvino kuna vakadaro Ishe Jesu vakati: “Havasi vose vanoti kwandiri Ishe, Ishe, vachapinda muushe hwokudenga; asi anoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga. Vazhinji vachati kwandiri nezuva iro, Ishe, Ishe, hatina kuporofita muzita renyu here? Nokudzvinga mweya yakaipa muzita renyu here? Nokuita mabasa esimba muzita renyu here? Zvino ndichavaudza pachena, handina kutongokuzivai; ibvai kwandiri imwi vaiti vezvisakarurama.” (Mateo 7. 21-23) Saka zvino ngatingwarirei mashoko awa. Ngatinzvere moyo yedu tione kuti chivi neruponeso zvinonyatso zikamwa here kana kuti chitendero chedu chinongova chekunze chete.

Kana mukristu wezvokwadi akawira mumiedzo kana mhosho ipi zvayo, Mweya Mutsvene anorwadziwa. Mwari vanomuranga nekubvisa huvepo hwavo, kuti mukristu azive mukati make nemumoyo kuti wakanganisa. Zvino ndiyo nzira iyo Mwari nenyasha dzavo vanouyisa vanhu vavo pakutendeuka nokubva pakudzokera shure: vachisvika nokurevesa pakuvandudzwa patsva mumoyo yavo netsitsi dzake.

Zvino zvatapa yambiro kuna avo vanotora dzidziso yekugutsikana kweruponeso nyore-nyore, kuna vamwe vakristu vanoendawo kuno rumwe rutivi padzidziso dzavo. Vachitya kunamata kusina kudzika pane zvemweya, kana kuti kusina kuzvitongesa pazvivi, ava vanobva vapinda mumhosho yekusatenda uye kusagamuchira dzidziso yekugutsikana kweruponeso kwamakristu. Kuramba dzidziso yekugutsikana iyi kunogona kusiri kwekuzviitisa asi kunogona kukonzerwa nekugara vanhu vachiparidzirwa pamusoro pezvivi, kunyunyuta, kutya, kuedzwa, kusatenda uye kukundikana kwamakristu. Zvino nekuda kwezvizvi chiero chinonswa muheche dzakadai chinotaira pakuratidza zvibereko zveMweya

## *Kugutsikana mukati mekuedzwa*

Mutsvene zvakaita serudo, mufaro, runyararo nekutenda (**VaGaratia 5. 22**) Ushumiri hwakadai hahuna kuzara kwevhangeri yenhau dzakanaka dzoruponeso muna Jesu Kristu. Zvino tinoona nerumwe rutivi kuti vazhinji mumasangano vanofunga kuti kunyunyuta, kutya kana kusatenda chaiko ndizvo zvinoratidza kuti munhu mukristu chaiye. Zvino vanobva vatarisa nekuona zvakaipa avo vanofamba nemufaro mukugutsikana nekusununguka kweruponeso muna Jesu Kristu.

Ngatireve pachena: kunyunyuta, kutya uye kusatenda chibereko chezvivi kwete cheMweya Mutsvene. Mashoko ekuti, “*ndizvo here kuti Mwari wakati*” akataurwa nenyoka kwete nomuponesi wedu.” (**Genesi 3. 1**) Kusatenda nekunyunyuta kunobva pakusatenda zvinokonzerwa nekuwa kwemunhu pakutanga, hachisi chibereko chekudzikinurwa kuri muna Jesu Kristu. Zvisinei tinofara kuti Jehova vane tsitsi nevatadzi, naivaya vakafa mukudarika nemuzvivi. Nenyasha dzake haavasiyi vakadaro. Zvino kubwinya nekukudzwa kwaMwari kungagobvepiko mukerekekana pasina uchapupu upenyu hwekutenda, pasina kuya kuuya muushingipamunamato, pasina kubatisisa nesimba pazvivimbiso zvake kana zvimwepasina mufaro werumbidzo yaiye mudzikinuri wakaisvonaka? Apo Jesu anoparidzwa zvakanaka, vhangeri inofamba “*musimba nemuMweya Mutsvene nekuziva kwazvo*” (**1 VaTesaronika 1. 5**)

Ngatitsvakei zvino nemweya wekunamata kumisa zvakanaka magwaro uye tine chishuvo chekuti zita raJesu rikudzwe kwazvo pakati pedu. Magwaro mazhinji ebhaibheri atatarira muchitsauko chino anotiratidza zvinhu zviviri izvi - kumira kwakakwana mumagwaro uye kukudzwa kwezita raIshe Jesu. Kunyangwe kune kuedzwa, kupiringaniswa muupenyu uye kutambudzika, asi zvakadaro mukristu anogoneswa kufara, achiziva kuti izvi zvinhu zvinoshandiswa murudo rwake kuraira nekudzidzisa iye mukristu. Mukati memiedzo mukristu nekutenda anotarisa kuna Jesu.

## *Kugutsikana muna Jesu*

Kugutsikana kana kuziva nyaya yeruponeso kunongogona kuonekwa mudzidziso yevhangeri, mune zvatioona uye zvinoitika muupenyu hwechikristu. Avo vakadzidziswa naMweya Mutsvene vanoziva kwazvo Nyaya ye“*kutenda kwakasimba*” (**VaHeberu 10. 22**) Uye nyaya ye“*tariro yakakwana*” (**VaHeberu 6. 11**) kozotiwo nyaya “*yokunzwisisa kwakakwana*” (**VaKorose 2. 2**). Zvinotiratidza rutsigiro rwakakwana apo

## *Kugutsikana mukati mekuedzwa*

Mweya Mutsvene anotivhurira Bhaibheri kupa mhinduro kuminamato yedu nekutipa kunzwisisa kwedzidziso yakanaka yeruponeso. Nenzira imwechete tinoziva kugutsikana kwakanaka uku kana apo tinopiwa kutenda tichinzwa rudo rwaKristu kuerera mumoyo yedu; zvivi zvedu zvinosukwa uye rugare runokunda kunzwisisa kose runonzwikwa. Zvino kunyangwe mukuedzwa kwakadzika Jehova vanotipa tariro. Iyi haisi tariro nje-e ingava chero nevasingatendi, asi itariro, “*yatinayo sechibatiso choMweya, tariro isingazununguswi, yakasimba, inopinda kune zviri mukati mechidzitiro chetembere; pakapinda mutungamiri nokuda kwedu, iye Jesu.*” (VaHeberu 6. 19-20).

Humwe umbowo hunopupurira kutenda kwedu ndiko kufamba nguva dzose mukuraira kwaMwari nemitemo yake. Ngatirangarire kuti pasina izvi hatigoni kuva nekugutsikana kweruponeso muna Jesu Kristu. Muapostora Johane wakanyora achiti, “*Ndizvo zvinotizivisa kuti tinomuziva, kana tichichengeta mirayiro yake. Uyo anoti ndinomuziva, asingachengeti mirayiro yake, murevi wenhema, chokwadi hachisi maari; asi uyo anochengeta shoko rake, rudo rwaMwari rwakakwaniswa maari zvirokwazvo. Ndizvo zvinotizivisa kuti tiri maari*” (1 Johane 2. 3-5).

Ngatimbotarirai nyaya yavaya vakafira kutenda kwavo munaMwari, vakarasikirwa neupenyu hwavo nokuda kweuchapupu hwavo pamusoro paJesu. Vazhinji, zvikuru panguva yokushandura dzidziso nemanamatiro echiRoma (Reformation), vakatambudzwa kwazvo vakafa zvinoshungurudza. Vakaraidza umbowo hwekugutsikana kwavo munaKristu nounyoro, nousingi uye mufaro wokutambudzika nokuda kwaJesu, vachiziva kuti vane korona yokururama yakagadzirwa kudenga. (2 Timoti 4. 8). Kunamata kwakareruka, kwenyika uye kusina zvemweya kungadai kwakaunyaniswa nekukasira nemazhenje emoto wokutambudzwa. Naizvozvo, ushumiri husingatauri nekugutsikana kuri munaKristu Jesu hahwaigona kupa kunyaradza kuna avo vakashungurudza kusvika pakufa, vava vakatengeswa senhapwa kana vakapiswa nemoto kusvika pakufa.

Panguva yekushandura manamatiro yamborebwa pachitsauko chapfuura, ruzivo rwekugutsikana koruponeso muna Jesu ndiyo imwe dzidziso huru yaitaridza mutsauko wechechi yanga yabuda muchiRoma. Naizvozvo Chechi yeRoma pamusangano wayo paTrent yakapikisa nekurwa neshanduko iyi nechituko chinotevera, “*Kana pane munhu anoti vanhu Vakaregererwa zvivi vakaitwa vasina mhosva zvirokwazvo, nemhaka yekuti iye anogutsikana kuti wakaregererwa akaitwa usina mhosva; uye kuti*

## *Kugutsikana mukati mekuedzwa*

*hakuna mumwe wakaitwa usina mhosva zvakakwana kunze kwaiye unotenda kuti wakaitwa usina mhosva; munhu wakadaro ngaatukwe”* (J Zacchello, “*Secrets of Romanism*” ISBN 0-87213-981-6) Zvino mukuramba yakaisa vateveri vayo mukunyunyuta kusina kutenda, Chechi yeRoma yakavachengeta muutapwa hwedzidziso netsika dzayo. Avo vanopupura Kristu ngavatize mhosho dzasatani idzi vasangotevera chinyararire mhosho nekurasika kweChechi yeRoma uku.

### *Rangarira Nzira*

Izvi zvinotivitsa pakurudziro inopiwa naShe apo makristu anotarisa sure kuona nzira iyo Ishe Mwari wavo akavafambisa. Mukati mekuedzwa, nzira yacho inoshamisa kwazvo, asi totarira sure ruoko rwaIshe rwenyasha runoratidzwa. Zvimwe kungava kurwadziwa kana kugumbuswa, asi munguva yaitevera vakaona kuchibudisa zvakanakira mweya yavo; zvakavachengeta pamuteyo wenyika wokuvabvisa kunaMwari. Ndizvo muapostora Pauro anonyora kuti, “*Tinoziva kuti zvinhu zvose zvinobatirana kuti zviitire zvakana kana avo vanoda Mwari, avo vakadamwa sezvaakfunga.*” (**VaRoma 8. 28**) Zvirokwazvo panodiwa kurairwa, kukurudzirwa uye kuwadzana pamweya navamwe vatendi, ndipo patinosvika pakuvona kuti vakapfuura nemukuedzwa kumwe chete sesu vakakunda nekuda kwaJesu.

Zvinotibatsira kwazvo kutarisa kupokana kukuru pamweya kwakaonekwa kubva panguva yeTsestamende itsva, varume nevakadzi vakapa upenyu hwavo nokuda kwekupupura Jesu. Pane zvidzidzo zvizhinji munhoroondo yeChechi zvikuru panguva yekushandura dzidziso yechiRoma; zvinotipa mienzaniso yakafanira yekukurudzira nekuyambira nhasi. Vavengi vevhangeri vanofara kuti nhengo zhinji dzeChechi hadzina chadzinoziva kana kuti dzinoziva zvishoma-shoma zvezvinhu izvi. Avo vari muChechi vanorega kuziva nhoroondo yeChechi neshanduko kubva padzidziso yeRoma vanozviparadza pachavo.

Uku kutarisa sure panzira iyi kunobva pamarongerero nedzidziso dzemagwaro. Bhaibheri rintipa mienzaniso mizhinji apo vana vaIsraeri vairairwa kurangarira nzira iyo Jehova Mwari wavo akavafambisa nayo. Mosesi akataura kuvaIsraeri vavapedyo kupinda munyika yechipikirwa achiti, “Unofanira kurangarira nzira yose yawakafambiswa nayonaJehova Mwari wako murenjemakore awa makumi mana, kuti akuninipise, nekukuidza, kuti azive zvaiva mumoyo mako,” (**Deuteronomio 8. 2**)

## *Kugutsikana mukati mekuedzwa*

Pauro wakanyora kuvaKorinte achiti, “Zvino izvi zvakavawira, kuti vave zviratidzo; zvakanyorwa kuti tinyeverwe isu, takasvikirwa nokuguma kwenyika. Naizvozvo unoti ndinomira, ngaachenjere kuti arege kuwa. **(1 VaKorinte 10. 11-12).**

Naizvozvo Bhaibheri rinoisa pachena nhorooondo yekubata kwaMwari nevanhu vake kuti isu tirairwe nayo, tiyambirwe uye tikurudzirwe. Musure mekuvona kutenda kwavatsvene vazhinji muTestamende yekare pakati pemiedzo mizhinji, muapostora Pauro anonyora, “*Naizvozvo, nesu vo, zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura rikadai, ngatimhanye nokutsungirira nhangemutange yatakaisirwa, tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu, iye wakatsunga pamuchinjikwa nokuda komufaro wakaiswa pamberi pake, akashovora kunyadziswa kwawo, akandogara kurudyi rwechigaro chovushe chaMwari*” **(vaHeberu 12. 1-2)** Zvino dai tagona kupa mbiri kuna Jesu, tichifarira ruponeso rwake runoshamisa.

Rukudzo runorarama pamusoro waJesu  
Mwari wangu, Nhovo yangu uye Chingwa choupenyu  
Maari ndinorarama, paari ndipo panechengetedzo yangu  
Anoponesa parufu, pakuparadzwa napakudzungaira.

Ndiye Nhovo yangu padamudzo rakadzika  
Jehova simba rangu, kururama kunobwinya  
Mumadutu nemumoto anonditungamira  
Zuva nezuva kunaka kwesimba rake ndinokuvona

Zvido zvangu zvose anondipa zvakakwana;  
Tsitsi dzake hadzindiregi ndichifa;  
Maari ndimo munogara pfuma youMwari,  
Nyasha dzisingaenzanisiwi dzandipa iyi fuma.

Zvino moyo wangu mude umurumbidze zvikuru  
Tevera kunaka kwake, ida kutonga kwake;  
Gara pedyo nemoyo wake, tsamira pachifuva chake;  
Teerera inzwi rake, kudza kuda kwake.

(Gadsby)

**CHITSAUKO 6**

**TARIRO YEDENGA**

***Moyo yenyu irege kumanikidzwa***

Nyaya yetariro yedenga inyaya inofambirana nenyaya yekugutsikana muna Jesu Kristu iyo yatabva mukutarira muchitsauko nchapfuura. Tariro yakaropafadzwa iyi inokurudzira mukristu kutsunga nekusimba mukati mekuedzwa. Tikatarisa kubwinya kwemagumo erwendo rwedu mumweya nekutenda, tinovandudzwa musimba rokufamba kunyangwe mune zvose zvinorema kunyangwe murufu chairwo.

Ane muono wedenga wakadaro pamberi pake, muapostora Pauro wakanzwisisa kuti “*rufu rwakamedzwa nekukunda*” Naizvozvo anotaura kuti, “*Iwe rufu, kukunda kwako kuripiko? Iwe rufu, rumborera rwako ruripiko? Rumborera rworufu ndizvo zvivi; nesimba rezvivi ndiwo murairo. Zvino Mwari ngaavongwe, uyo unotipa kukunda naShe wedu Jesu Kristu Saka, hama dzangu dzinodikamwa, mirai makasimba murege kuzununguswa, mubatire Ishe zvikuru nguva dzose, muchiziva kuti kubata kwenyu hakungavi pasina munaShe*” (1VaKorinte 15. 54-58).

Zvakadaro vanhu vaMwari vanotambudzwa nezvinhu zvakawanda, vanoputsirwa pasi nekunyunyuta nekutya. Zvino zvinokosha zvakadii kana Mweya Mutsvene achitaura mashoko aIshe Jesu mumoyo yedu, “*Moyo yenyu irege kumanikidzwa, tendai kuna Mwari mutendevo kwandiri. Mumba mababa vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuvudzai; nokuti ndinoenda kundokugadzirirai pokugara. Kana ndaenda kundokugadzirirai pokugara ndinozovuyazve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, nemi mugovapovo*” (Johane 14. 1-3).

Ishe Jesu vakataura mashoko awa kuvadzidzi vavo vava pedyo nokuroverwa pamuchinjikwa. VaJuda vaifunga kuti Mesiasi waifanira kuva mutongi wapano pasi uye mudzikinuri waIsraeri. Kunyangwe vadzidzi vake havana kunzwisisa zvanga zvava kuitika kwaari kusvikira zvaratidzwa kwavari naMweya Mutsvene. Vanga vasati vaona zvakakwana kuti umambo hwaIshe hwanga husiri hwenyika ino asi humambo hwekudenga (Johane 18. 36).

## *Tariro yedenga*

Saka zvino dai tayambirwa nemashoko emuapostora Pauro, “*Kana tine tariro kunaKristu paupenyu uhwu bedzi, tinonzwisisa vurombo kukunda vanhu vose*” (1 VaKorinte 15. 19) Imhosho yakakura kwazvo kuti tariro yedu nezvido zvedu zvimisirwe pazvinhu zveupenyu huno. Dai Mwari vatidzikinura pamisungo yezvivi inotisungira pazvinhu zvenyika ino, zvido zvayo nezvikwezvo zvayo. Isimba rake guru bedzi ringagona kuita izvi David wakanyora, “*Vanhu vako vachazviisa nomoyo wose pazuva rauchavunganidza hondo yako*” (Mapisarema 110. 3) Dai tatsvaka nyasha nesimba remweya zvirokwazvo kuti tifambe mukukuridzira kwaIshe; “*tarirai kumusoro, musimudze misoro yenyu, nokuti kusunungurwa kwenyu kwaswederwa*” (Ruka 21. 28) Dai tarangarira nguva dzose kuti tariro yemukristu inofanira kuva pamaropafadzo anogara nekusingaperi edenga ari munaJesu Kristu. (VaEfeso 1. 3)

## *Jerusarema rekudenga*

Muapostora Johane apo anga akasungwa ari pachiyi chePatimosi nokuda kouchapupu hwaIshe Jesu Kristu wakaraticidzwa chiraticidzo chedenga. Izvi zvakanorwa kurayira isu nekuti nyaradza. “*Ndikavona guta dzvene, Jerusarema idzva, richiburuka kudenga richibva kuna Mwari, rakagadzirwa somwenga wakashongerwa murume wake. Ndikanzwa inzwi richibva kudenga richiti: Tarirai tabernakeri yaMwari iri pakati pavanhu, iye uchagara navo, ivo vachava vanhu vake; Mwari amene uchava navo, ave Mwari wavo. Uchapisika misodzi yose pameso avo; rufu haruchavipo, kana kuchema kana kurira kana kutambudzika hazvingavipo; nokuti zvokutanga zvapfuura.*” (Zvakazarurwa 21. 2-4) Ipapo Johane wakaraticidzwa kubwinya kweguta rekudenga iri; asi pane chimwe chimiro cheguta iri chakaraticidzwa kwaari. “*Handina kuvona tembere mukati maro, nokuti Ishe Mwari wamasimba ose negwaiana itembere yaro. Guta haritsvaki zuva kana mwedzi, kuti rivhenekerwe nazvo; nokuti kubwinya kwaMwari ndiko kwairi vhenekera nomwenje waro ndiro Gwaiana*”. (Zvakazarurwa 21. 22-23)

Johane wakazoraticidzwa kuti avo bedzi vakanyorwa mubhuku yeupenyu yeGwaiana ndivo vanopinda muguta iri; hakuna chakasvibiswa nezvivi nenzira ipi kana ipi chingapindamo (Zvakazarurwa 21. 27) Vanhu vaMwari bedzi vachawana mufaro we“*rwizi rwemvura yeupenyu yakapenya sekristaro, inobuda pachigaro chovushe chaMwari necheGwaiana*” (Zvakazarurwa 22. 1). Zvakare vakadzikinurwa vaMwari

## *Tariro yedenga*

vachamushumira, uye vachamuona. Tinoverenga kuti, “*Vusiku havuchazovipo; havatsvaki chiedza chomwenje, kana chiedza chezuva; nokuti Ishe Mwari uchavavhenejera; vachabata vushe nokusingaperi*” (**Zvakazarurwa 22. 5**) Chinangwa nevavairo yavakadzikinurwa kudenga hachisi pavari ivo kana panyika yavakabva kwairi asi zviri pana Jehova Mwari waMasimba ose neGwaiiana iye Ishe Jesu wakamuka kuvafi.

Zvinotipa mutsauko wakadii izvi kana zvichienzaniswa nepfungwa dzavanhu maererano nedenga! Hatichapindi mukutsanangura pfungwa dzezvinofadza zvenyama kana zvamanzwira emoyo zvinotaurwa nevanhu kusanganisiravo vamwe vano zviti vashumiri vevhangeri. Pfungwa idzi dzinotaura zvekupinda kuopenyu husingaperi nezvose zvamafaro enyika zvatinovona vatadzi vachifarira. Zvisinei kuti zvakwenenzverwa kana kuti zvino gamuchirwa zvakadii nevanhu, zvido nezvitsvako zvedu zvenyika zvinonzi neshoko raMwari, “*zvose zvisingabvi pakutenda zvivi*” (**VaRoma 14. 23**) Kunze kwaJesu hakuna tariro yedenga, kunongova kutambudzika nokusingaperi mugehena. (**Mateo 25. 31-46**)

Vanhu vaMwari vanowana zvishoma zvekunaka kwamapafadzo edenga vari pano pasi. Pane nguva idzo Mwari vanoswedera pedyo navo, ivo voputirwa murudo rwaMwari urwo runovuya nekuwadzana kunoera naIshe Jesu. Kuwadzana uku kungatora nguva diki asi kuravidzwa kwechimiromo chakagadzirirwa vatsvene mukubwiya. Zvinorwadza ndezvekuti mukristu haagoni kumbosiya zvachose uya munhu wakare wezvivi ari pano pasi, gare-gare unobatwa nepfungwa dzezvivi uye kuwira mumabasa ezvivi. Zvino chimiro chekubwinya kudenga ichi chinoita kuti mukristu ave nechishuvo chakadzika chekunamata kuti ave mutsvene, nekukundiswa zvivi nekuzova na Kristu Jesu zvinova ndizvo zviri nani. Zvakadaro tinofanira kuzviisa pasi pekuda kwaMwari nokumirira nguva yake yakatarwa, tichishuvira kushandira Mwari zvinomupa rukudzo nekubwinya. (**VaFiriipi 1. 21-26**)

Netariro yakadai yedenga pamberi pake, muapostora Pauro wakanyora kuti; “*Nokuti tinoziva kuti kana imba yedu yenyika, tabnakeri yedu, ichiputswa, tinechakavakwa chinobva kunaMwari, imba isina kuvakwa namavoko, isingaperi, iri kudenga. Nokuti tinogomeravo mairi, tichishuva kuti tifukidzwe neimba yedu inobva kudenga; kuti kana takafukidzwa hedu, hatingangwanikwi tisina chatakafuka. Nokuti nesu, tiri mutabnakeri, Iyi tinogomera, tichiremerwa; tisingadi kuti tikutunurwe, asi kuti tifukidzwe,*



*kuti chonofa chimedzwe noupenyu. Zvino uyo wakatigadzirira chinhu ichi ndiMwari, wakatipawo rubatso rweMweya.” (2 VaKorite 5. 1-5)*

Chinhu chakaisvonaka, chinofanira kutsvakwa zvikuru mumunamato, kuva nemuvono wekutenda wetariro yedenga unoratidzwa nanyanduri uyu.

Zvirokwazvo gare-gare ndinomhara  
Pamhiri apo pamhenderekedzo yemufaro  
Uko, masimba angu anenge awedzerwa,  
Ndichagara apo pana Jesu.

Zvirokwazvo gare-gare ndinenge ndagara,  
NaJesu pachigaro chake,  
Vavengi vangu vose vose vakundwa,  
Zvino runyararo runoera ruchazikamwa.

NaBaba, Mwanakomana naMweya,  
Ndichatonga nekusingaperi,  
Nhaka yangu mufaro nerugare,  
Zvose zvakanaka ndichawana.

Gare-gare ndinosvika panzvimbo,  
Apo ndinomanyira nenzira,  
Ndichazorora pamabasa angu ose,  
Ndogarapo nekusingaperi.

Mweya wakanaka nditungamire kuyambuka  
Iri gungwa rinorira roupenyu huno;  
Ndichengetei imi mudiwa mutsvene,  
Nokuti ndinovimba mamuri.

Zvino umu mukuzara kwaJoridani  
Dai mandibatsira kuimba,  
Ndigoyambuka rwizi ndichitaura  
Kukunda kwamambo wangu.

(Gospel Magazine 1804)

*Rinda vuye usvinure*

Tariro yedenga haisi yakangomisirwa mazuva okupedzisira omukristu panyika. Kunyangwe vakristu vazhinji vakawana chikomborero chakaisvonaka panguva yokupinda kwavo mukubwinya, muono wedenga unokosha munzira yose yomukristu paupenyu. Hatizivi kuti zuva rimwe nerimwe rinotiunzira chii, uye kuti Ishe vanouya rini? (**Jakobo 4. 13-15**) Zvisinei zvine kunyaradza kwakanaka zvikuru kune avo vava pedyo nekupedza rwendo rwavo rweupenyu panyika ino apo vanopera simba, kurwadziwa uye kupinda mumiedzo.

Shoko raMwari rinotaura mabatiro anoitwa mukristu nenyaya iyi yetariro yedenga. Muapostora Johane anonyora izvi, “*Tarirai kukura kwerudo rwatakaitirwa nababa, kuti tinzi vana vaMwari; ndizvo zvatarivo; saka nyika haitizivi, nokuti haina kumuziva iye. Vadikanwa, zvino tiri vana vaMwari, vuye zvichigere kuratidzwa kuti tichazovei. Tinoziva kuti kana achizovoneswa, isu tichafanana naye; nokuti tichamuona sezvaakaita. Mumwe nemumwe une tariro iyi kwaari, unozvichenesa sezvaakachena iye.*” (**1 Johane 3. 1-3**)

Muapostora Pauro anonyorawo achiratidza kudzikama kunouya neruzivo rwekuti rimwe zuva Ishe Jesu vanodzoka. “*Asi kana dziri nguva nemisi, hama dzangu, hamufaniri henyu kuti munyorerwe chinhu; nokuti imwi mumene munoziva kwazvo, kuti zuva raIshe rinosvika sembavha usiku. Kana vachiti, Rugare nekugarika; ipapo kuparadzwa kuchakurumidza kuvawira sekurwadziwa kwemukadzi ane mimba; havangatongo-pukunyuki. Asi imi, hama dzangu, hamuzi murima, kuti zuva iro rikubatei sembavha. Nokuti imi mose muri vana vechiedza, nevana vemasikati; hatizi vovusiku kana verima. Naizvozvo ngatirege kuvata savamwe, asi tirinde tisvinure*” (**1 VaTesaronika 5. 1-6**)

Ikurudziro inodiwa sei iyi - kurinda wakadzikama! Tinoverenga pamusoro pekurudziro yaJesu kuvadzidzi vake panguva yake yokutambudzika, “*Rindai, munyengetere, kuti murege kupinda mukuidzwa;*” (**Mateo 26. 41**) Kusvinura pamweya inyasha dzakaisvonaka kana mukristu akava nako. Uku kusvinura kunobva pakuziva Ishe Jesu uyo akaratidzwa ari shoko rakava nyama arizve shoko rakanyorwa. Kungosvinuka nje-e kwekunze kusina ruzivo rwaIshe Jesu hakuna maturo uye chinyangadzo pamberi paMwari. Naizvozvo tinofanira kuyambirwa maererano nekukwebwa nefungidziro pamwe netariro dzisingabvi pashoko raMwari. Izvi zvinoratidza kushaikwa kwekusvinura pamweya apo zvinounza nharo nekupesana panzvimbo yokunge zvichitipa

kutsiga kwakaropafadzwa muna Jesu Kristu. Vazhinji vakapinda mumhosho (kusanganisira vashumiri vamwe vaiva neumwari) nefungidziro dzekuti magumo anouya riini kana kuti nyika ichaguma sei. Ngatiteererei mashoko aIshe Jesu, “Asi kana riri zuva iro nenguva iyo, hakuna unoziva, kunyangwe vatumwa vokudenga, kunyange Mwanakomana, asi Baba voga”. (**Mateo 24. 36**)

### ***Kuzara kouMwari munaJesu***

Tofanira zvino kuchipedza kunyora bhuku rino. Asi munyori unonzwa kuti pane zvizhinji - zhinji kwazvo zvinganyora pamusoro paJesu. Ndzivo zvakavonekwa nomuapostora Johane pakupedzisira kweEvangeri yake. “Zvimwe zvizhinji zviriko, zvakaitwavo naJesu; kana zvainyorwa chimwe nechimwe, ndinoti kunyangwe nenyika yose haingaringani bhuku dzinganyorwa.” (**Johane 21. 25**) Pane kuzara kouMwari kuri muna Jesu kokuti moyo nepfungwa dzemunhu dzinongoziva chidimbu chazvo pano pas; asi kudenga Ishe Jesu achazikamwa mukubwinya kwavo kose naavo vanotenda kwaari pachokwadi. “Nokuti zvino tinovona pachivoni-voni, tisingavoni kwazvo; asi nenguva iyo tichavona nezviso zvakatarisana; zvino ndinoziva zvisakakwana, asi nenguva iyo ndichaziva sezvandakazikamwa nenivo” (**1 VaKoronte 13. 12**)

Zvino muapostora Johane anozoti, “*asi izvi zvakanyorwa kuti mutende kuti Jesu ndiye Kristu, mwanakomana waMwari; vuye kuti muchitenda muve neupenyu muzita rake*” (**Johane 20. 31**) Ndiwo mutoro une munyori apo atsvaka kunyora bhuku iri, achinamata kuti dai Mwari vapa maropafadzo ekusingaperi kumuverengi. Kunyangwe zvazvo bhuku rino rango bata chimwe chokwadi chevhangeri, pane kuzara nekudzika kwechokwadi muBhaibheri kwekuti upenyu hwedu hose haungapedzi. Jesu iro shoko rokusingaperi anoonekwa pose mushoko raMwari. Dai tasvaka kunzwisisa nekunzvera kwemweya kuti tizive izvi. Dai tanzvera magwaro nekutenda tichinamata kuti Mweya Mutsvene atizarurire kuziva Ishe Jesu Kristu mukunaka kwavo noushe hwavo hose. Dai tapiwa chishuvo norudo rwokutendevutsa vakarashika, tichinamata kuti Mwari vatishandise semidziyo yavo mukuponeswa kwavamwe, kuti zita ravi rikudzwe nekupiwa mbiri. Mosesi munhu waMwari anotaura achiti, “*Zvamakaita ngazvivonekwe navaranda venyu, nokubwinya kwenyu pamusoro pavana vavo. KunakwaJehova Mwari wedu ngakuve pamusoro pedu; Mutisimbisire basa ramavoko edu; Zvirokwazvo basa ramavoko edu murisimbise*” (**Mapisarema 9 0 . 1 6 - 1 7**)

## *Tariro yedenga*

Tovhara zvino namashoko okupedzisira omushumiri weScotland Samuel Rutheford, wakashanda kwazvo munzvimbo inonzi Anwoth. Mashoko ake anotaura chishuvo chemushumiri wechokwadi mumwe nemumwe. Zvimwe chetezvo vanhu vaMwari vanotungamira naMweya Mutsvene kubva muundini kuti vavone Muponesi nekutenda. Zvino kana rudo rwaMwari rukazikamwa zvinesimba, panoita chishuvo chokuti vamwe vave netariro imwe chete yedenga.

Misheche yenguva yonyura'  
Mambakwedza edenga osvika,  
Mangwanani ezhezha ndaagomerera,  
Rungwanani rwakanaka rwamuka:  
Kusviba, kusviba panga pari pakati pousiku,  
Asi kubuda kwezuva kwava pedyo,  
Apo kubwinya-kubwinya kunogara  
Munyika yaImanueri

Mambo uko mukunaka kwake,  
Pasina chidzitiro anoonekwa:  
Rwendo rwafambwa zvakakwana,  
Kunyangwe rufu rwarova runomwe:  
Gwaiana nehondo yaro yakanaka,  
Rinomira pagomo reZioni;  
Apo kubwinya-kubwinya kurimo  
Munyika yaImanueri.

Ona! Kristu ndiye nheyo,  
Tsime rakadzika rinonaka rerudo!  
Hova dzapasi ndakadzimwa,  
Ndichamwa zvakanyanya kumusoro:  
Ipapo pane nyanza yakazara,  
Tsitsi dzake dzakatandavara,  
Apo kubwinya-kubwinya kuripo  
Munyika yaImanueri.

‘Anwoth’ yakanaka pa’Solway’,  
Kwandiri uri wakadikamwa!  
Kunyangwe ndiri pamhenderekedzo yedenga,  
Ndinodonedza musodzi nokuda kwako.  
Ona ! Kana munhu mumwe we’Anwoth’  
Akasangana neni kurudyi rwaMwari,  
Denga rangu ringava matenga maviri,  
Munyika yaImanueri.

Mwenga haatariri nguo yeumwenga,  
Asi unotarira chiso chechikomba chake;  
Ini handizozitariri kubwinya,  
Asi ndichatarira Nyasha dzamambo wangu-  
Kwete korona yaanopa,  
Asi paruvoko rwake rwakabaiwa:  
Gwaiana ndiro kubwinya kose  
Kwenyika yaImanueri.

(Rutherford)